

**LAKU NGUDI PUSAKA SAJRONE  
SERAT RIWAYAT SEKAR WIJAYAKUSUMA  
(TINTINGAN FILOLOGI)**

**Suhud Diah Rosyidah**

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
Suhudrosyidah@mhs.unesa.ac.id

**Dra.Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah, Fakultas Basa lan Seni,  
Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

*Serat Sekar Wijayakusuma* minangka objek panliten iki, klebu salah sawijine reriptan sastra kang tuwuhan sajrone pangrembakane sastra Jawa klasik. Serat kasebut diripta ing kraton Surakarta. Isine ngrembug para punggawa kang lagi ngudi pusaka. “*Sekar Wijayakusuma*” dumadi saka tembung “*Sekar*” tegese *kembang* lan “*Wijayakusuma*” tegese *kembang kang diagem sarat panjenengan ratu kang mentas jumeneng*, mula serat iki isine ngenani ngudi pusaka kasebut. Wigatine, ngrembug ngenani saperangan laku kang dilakoni dening para punggawa.

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen prakara kang nuwuhalke underane panliten yaiku (1) kepriye deskripsi lan isi *Serat Sekar Wijayakusuma*?, (2) kepriye suntingan teks *Serat Sekar Wijayakusuma*? lan, (3) kepriye laku ngudi pusaka sajrone *Serat Sekar Wijayakusuma*? Panliten iki nduwensi ancas (1) ngandharake deskripsi lan isi *Serat Atmawiyata*, (2) ngandharake suntingan teks *Serat Sekar Wijayakusuma* lan, (3) ngandharake laku ngudi pusaka sajrone *Serat Sekar Wijayakusuma*. Naskah ditintingi nganggo prinsip filologi modern. Teori simbol uga digunakake kanggo njlimeti ubarampe kang ana ing naskah, dene metodhe panliten yaiku analisis deskriptif kualitatif lan teori hermeneutika dibutuhake sajrone napsirake isi naskah.

Asile panliten nuduhake yen *Serat Sekar Wijayakusuma* ngemot lakune para punggawa ngudi pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma. Laku kasebut diiwiti saka Toyamas nganti Donan Pulo Bandung, Nusakambangan Cilacap.

**Tembung wigati : Ngudi Pusaka, serat Sekar Wijayakusuma**

**PURWAKA**

Kasusastran, pangripta lan masyarakat nduwensi gegayutan kang ora bisa dipisahake. Amarga sawijine kasusastran bisa dadi wujud komunikasi antarane pangripta lan pamaos (Ratna,2011:97). Lumantar kasusastran pangripta bisa medharake pesen utawa amanat marang pamaca. Bisa wae arupa pitutur supaya kang maca bisa ndadekake kasusastran kasebut tuntunan ing panguripane. Saliyane pesen utawa amanat, sajrone kasusastran uga ngandhut nilai agama, nilai sosial lan nilai budaya kang isa didadekake pedhoman uripe manungsa. Pangripta uga nduwensi rasa pangrasa lan pamikir kang bisa ngasilake panemu lan *imajinasi* kanggo nulis sawijining kasusastran. Semono uga ing Kasusastran Jawa.

Kasusastran Jawa klebu kasusastrankang nduwensi maneka werna jinis kang kaperang miturut jaman. Suwarni (2013:1) ngandharake yen sastra Jawa diperang dadi telu, yaiku jaman sastra Jawa Kuna, sastra Jawa Pertengahan, lan sastra Jawa Anyar. *Periode* sastra Jawa Kuna, sastra Jawa Pertengahan lan sastra Jawa Baru wis ngasilake reriptan sastra kang maneka warna. Reriptan sastra kang diasilake ing *periode* Jawa Kuna yaiku kakawin, kang biyasane nduwensi titikan kaprabawan sastra India, sajrone wujud lan isine.

Reriptan sastra kang diasilake ing *periode* Jawa Pertengahan kayata kidung, kang biyasane nduwensi titikan anane budaya Jawa lan India sajrone reriptan kasebut, banjur kang pungkasan yaiku reriptan kang diasilake ing *periode* Jawa Baru kang disebut sastra Jawa pesisiran lan sastra Klasik, kang biyasane nduwensi titikan anane prabawan Islam. Adhedhasar pangrembakane sastra Jawa Baru digolongake dadi sastra Jawa Pesisiran lan sastra Jawa Klasik. Sastra Jawa pesisiran ngrembaka ing daerah pesisir pulo Jawa. Isine sastra Jawa pesisiran biyasane luwih akeh ngrembug ing bab ajaran agama Islam, kayata akhlak, syariat lan akidah. Dene reriptan sastra kang ngrembaka ing kraton biyasane ngrembug bab piwulangan kanggo bebrayan. Bab kasebut bisa dideleng sajrone bukune Suwarni (2016:3-4) kang ngandharake yen Pujangga kraton tansah *produktiflan kreatif* nalika ngasilake reriptan sastra.

Yen dideleng saka tuwuhe utawa asale naskah kasebut, kaperang dadi loro yaiku naskah pesisiran lan naskah kraton. Kasusastran Jawa Anyar kang awujud naskah pesisiran yaiku asiling kabudayan Jawa kang ngrembaka ing dhaerah pesisir. Umume ditulis nganggo aksara arab pegon lan mbahas ngenani bab agama mligine agama Islam. Dene naskah keraton yaiku

kasusastraan kang ngrembaka ing kraton minangka asil kabudayan Jawa mligine ing dhaerah Yogyakarta lan Surakarta. Naskah keraton biasane ditulis nganggo aksara Jawa lan nggunakake basa Jawa. Salah sawijine tuladha naskah keraton yaiku Naskah Sekar Riwayat Wijayakusuma kang dadi objek panliten. Naslah Sekar Wijayakusuma diarani naskah keraton amarga naskah iki pancen kasimpen ing museum Surakarta lan ditulis sawijine pujangga nalika ingkang Sinuhun Kanjeng Paku Buwana jumeneng nata binatara.

Miturut Djamaris (2002:5) wujud umume naskah kang kaperang dadi loro yaiku arupa tembang lan arupa gancaran. Naskah Sekar Wijayakusuma kalebu naskah kang awujud gancaran amarga naskah iki ora ana pupuh-pupuh tembang-tembang macapat kayata Sinom, Gambuh, Asmardana lan liya-liyane, nanging arupa cerita kang kaperang saka 9 bab. Saliyane kuwi naskah Sekar Wijayakusuma iki nggunakake basa Jawa kawi kang ndadekake naskah iki ora gampang dingerten dening pamaca. Basa Jawa kawi kang ora digunakake cecaturan sabedina. Mula saka kuwi kang ndadekake naskah iki kudu dimangerteni karo pawongan kang uga bisa nggunakake basa kawi. Naskah Sekar Wijayakusuma iki nyeritakake nalika ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Paku Buwana jumeneng nata binatara Surakarta.

Babagan kang narik kawigaten saka naskah Sekar Wijayakusuma yaiku ngenani laku kang kudu ditindakake dening para nayaka kayata memule, sawur, nenpi lan matrapaken agem-ageman. Laku kasebut kanggo golek pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma. Naskah kasebut diiwiti saka carita ngenani ramalan kang diandharake dening Sri Bathara Kresna marang Prabu Yudhistira yen bakal tuwuhan sawijine wit kang bisa dadi pusaka ing tembe kawuri wit kasebut ana ing samodra pulo Bandung. Ana saperangan laku kang ditindakake dening para nayaka yaiku memule, nenpi, sesawur yatra, lan matrapaken agem-ageman. Laku kasebut diiwiti saka dhaerah Tojamas nganti pulo bandung (Cilacap). Kaya apa kang ana ing bebrayan saiki isih ana gegembaran kaya mangkono yaiku ngelakokake saperangan laku lan nyepakake saperangan ubarampe ing sawijineadicara. Kayata midodareni, dhaup, tingkeban, brokohan lan liya liyane. Saperangan laku kuwi ditindakake kanthi duweni ancas supaya bisa ngolehake berkah saka Gusti Allah tumrap apa kang bakal dilakoni ing adicara kasebut.

Dipilihe naskah Sekar Wijayakusuma minangka objek panliten, amarga naskah Sekar Wijayakusuma kasebut ngandharake ngenani laku ngudi pusaka kang dilakokake dening para nayaka. Saliyane kuwi naskah Sekar Wijayakusuma durung tau ana kang nliti, utamane 4 jinis laku yaiku memule, nenpi, sesawur yatra, lan matrapaken agem-ageman sajrone naskah kasebut. Kanthi cara nliti naskah kasebut, diajab bisa menehi cerita lan pamawas tumrap laku para nayaka nalika golek pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma. Kanthi objek naskah Sekar Wijayakusuma iki bakal nggunakake tintingan filologi modern lan prinsip struktur sastra kanggo medharake isi sajrone naskah kasebut. Tintingan filologi modern nduweni pamawas yen keaslian lan

kemurnian sawijine naskah ora ditengenake. Kanthi panliten iki diajab bisa nglestarekake asiling kabudayan Jawa, senajan naskahe wis ilang lan rusak nanging isih ana teks.

Panliten iki bakal dijentrehake kanthi pambiyantu metodhe *dheskriptif analitik* lan *hermeneutika*. Metodhe kasebut cocok kanggo lelandhesan nintingi kasusastraan kayata naskah Sekar Wijayakusuma, jalaran luwih nengenake penafsiran saka panliten. Naskah Sekar Wijayakusuma iki mbutuhake penafsiran kanggo ngertenisi isi sajrone naskah kasebut. Panliten tumrap naskah iki nduweni ancas supaya bisa ngasilake telaah naskah kang ngandharake bab laku para nayakakang bisa dadi patuladhan supaya bisa nglakoni urip kanthi upaya kang tumemen lan sabar nalika nindakake saperangan laku utawa pakaryan kanggo mujudake kekarepan.

Underane panliten iki ana telu,yaiku (1) Kepriye dheskripsi Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma (2) Kepriye suntingan teks Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma, lan (3) Apa wae laku ngudi pusaka sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma.

Tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake apa wae laku ngudi pusaka kang dilakoni dening para nayaka sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma, lan ubarampe apa wae kang ngandhut simbol.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Panliten Kang Saemper

- 1) Darmawan (2015) “Kawruh Laduni Sajrone Bendhel Serat Iladuni” (Tintingan Filologi). Darmawan nuduhake yen Kawruh Laduni kang ana ing serat kasebut ngenani laku mi’roj, wedharing aksara hija’iyah kang dumunung ing badane manungsa, kaca pangilon lan saperangan amalan. Kawruh kasebut adhedhasar dhawuhe Nabi lan adhedhasar primbon.
- 2) Isnaini Ditya Pramusinta (2014) “Laku Asetik sajrone Naskah Kitab Asale Manungsa” (Tintingan Filologi). Sajrone andharane Isnaini nuduhake yen naskah kasebut ngandhut bab kepriye dadi manungsa kang cedhak karo Gustine lumantar saperangan laku. Salah sawijine laku kang diandharake ing naskah kasebut yaiku ngandharake kepriye dadi manungsa kang cedhak karo Gusti.
- 3) Ely Rimawati (2011) “Nilai Budaya ing Babad Pacitan Anggitane Ganda Wardaja” (Tintingan Filologi). Ely nuduhake yen nilai budaya ing Babad Pacitan kaperang dadi limang perangan. Nilai budaya kasebut dikelompokake adhedhasar patang kategori kang nduweni sesambungan karo manungsa.
- 4) Wahyu Sayoga Rani (2015) “Nilai Budaya ing Serat Anglingdarma Anggitane Durakhemat” (Tintingan Filologi). Nilai budaya kang diandharake dening Wahyu yen budaya ing serat kasebut nduweni gegayutan ora mung karo Skripsine Erwindha Cahya manungsa, nanging uga karo para dewa, buta lan kewan.

Saka panliten-panliten kang dijilentrehake kasebut, Panliten naskah Serat Wijayakusuma kanthi tintingan Filologi nduweni perangan kang padha lan beda. Saka panliten Ely lan Wahyu kang ngandarake nilai budaya sajrone kasusastran padha karo kang diandharake ing panliten iki kang ngoceki nilai budaya kang adiluhung sajrone kasusastran dene bedane kang dadi bab utama sajrone panliten iki yaiku nengenake bab laku ngudi pusaka kango ora diandharake denng Ely lan Wahyu. Andharan kasebut meh padha karo apa kango diandharake dening Darmawan kawruh laduni lan Ianaini laku asketik bedane mung naskahe.

#### Pamarkan Filologi tumrap Serat Wijayakusuma

Filologi asale saka basa Yunani, yaiku philologia gabungan sak tembung philos lan logos. Philos tegese “tresna” lan logos tegese “tembung”. Sajrone (Purnomo, 2007:9) tegese filologi kanthi harfiah yaiku tresna marang tembung. Saka andharan kasebut banjur dimangerten yen tegese filologi yaiku tresna marang kawruh, tresna sinau, lan tresna marang tulisan kang nduweni nilai luhur kayata nilai kasusastran. Ana panemu liya ngenani tegese Filologi miturut Baried (1994:11) yaiku salah sawijine disiplin kanthi ngupaya medharake isi kang kinandhut sajrone naskah kangndadekake salah sawijine wujud kasusastran ing jaman biyen. Studi ngenani kasusastran lawas iki ditindakake amarga anane anggepan yen sajrone kasusastran ing jaman biyen ngemot bab-bab kang nduweni gegayutan karo panguripane manungsa jaman saiki. Cundhuk kelawan apa kango diandharake dening Djamaris (2003:3) yen filologi yaiku sawijine kawruh kang nduweni obye panliten arupa naskah.

Filologi wiwit dienggo dening kelompok panliti saka Iskandariyah nalika abab 3SM (Barried,1994:2). Senajan sejarah pangrembakane filologi minangka tetembungan wis digunakake nalika abad 3 SM, nanging konsep ngenani filologi mesthi wae ngalami owahowahan (Purnomo, 2007:1). Sajrone pangrembakane filologi nduweni teges luwih amba lan nduweni tujuan, yaiku studi ngenani sekabehe basa kango digunakake dening manungsa. Bab kango luwih utama yaiku nduweni gegayutan karo kasusastran. Saliyane kuwi, filologi dingerteni minangka disiplin ilmu kang mligi menehi kawruh ngenani sejarah kabudayan sawijine bangsa kanthi cetha.

Cundhuk karo apa kango diandharake dening Purnomo yen tegese Filologi dadi luwih amba, dadi yen pengin nyinaoni Filologi uga kudu nyinaoni babagan sastra, basa, seni, politik, agama lan adat istiadat. Supaya kawruh kango diolehan nalika sinau bisa digunakake kanggo nerapake elmu Filologi kasebut nalika nliti sawijine kasusastran kango awujud naskah. Mula Filologi minangka salah sawijine cabang ilmu sastra jaman biyen (*studi sastra lama*), nanging Filologi ora mesthi idhentik karo sastra, utamane sastra jaman biyen.

Jinise Filologi ana loro yaiku Filologi tradisional lan Filologi modern. Filologi modern nduweni pambeda yaiku mujudake salah siji aliran filologi kango mawas ‘variasi’ minangka wujud kreasi kanggo ngerten teks, nafsirake, lan mbenerake. Dadi neng kajian iki ora nggoleki utawa nelisir naskah-naskah kango sejenis

kanggo mangerten kango endi kango dadi naskah babon (naskah asli). Miturut Bambang (2013:65) Tujuwan umum saka panliten filologi modern yaiku (1) kanggo ndudhah karya sastra kuna (2) kanggo ndudhah paedahe kasusastran kanggo pamaca kan bebrayan kamangka kanggo jaman biyen lan saiki (3) kanggo ndudhah nilai-nilai budaya jaman biyen. Dene tujuwan khusus saka panliten filologi iki yaiku (1) kanggo ndudhah wujud asli teks ing sawijine karya sastra kuna (2) kanggo ndudhah sejarah pangrembakane teks (3) kanggo ndudhah panyarune bebrayan tumrap teks kasebut (4) kanggo menehi kritik teks kango awujud suntingan.

Saliyane tujuan umum lan khusus kasebut ana kango kudu diteliti yaiku kahanan saka naskah, kahanan kasebut lumrahe diarani Dheskripsi Naskah. Kaya kertas, tinta lan tulisan uga variasi panulisan karya sastra kuna iki ditliti kanthi pendekatan kango cocok yaiku elmu filologi. Filologi minangka sawijine elmu kango bisa nliti tulisan ing jaman biyen kanthi cara nilai-nilai luhur kango ana ing jaman biyen. Amarga nilai-nilai kasebut mingaka budaya utawa asil saka daya piker lan pangrasane manungsa. Mula saka kuwi filologi minangka elmu disiplin kango nguwensi gegayutan karo babagan budaya ing jaman biyen utawa bisa diarani ilmu *humaniora* (Barried, 1994:2).

Sawise mangerten apa tujuan saka panliten iki, Panliti uga kudu wigati lan nduweni minat tumrap naskah nalika dheweke arep nliti naskah nggunakake tintingan Filologi. Amarga wigati lan minat kuwi kalebu babagan kango sejatiné kudu diperlukake dening pawongan kango arep nliti naskah. Wujud kawigaten sajrone Filologi bisa wae ngenani kadikologi, paleografi, ejaan, panganggone naskah lan sapanunggale. Bisa uga ngenani diplomatik kango bisa mbantu panliti supaya asil saka apa kango ditliti bisa krasa luwih cedhakkaro sumbere. Ateges naskah kango lagi ditliti lan disunting ora bisa ngowahi naskah kango asli (Purnomo,2013:49).

#### Naskah lan Teks Sekar Wijayakusuma

Obyek panliten Filologi yaiku tulisan tangan kango nyimpen maneka pamikir lan pangrasa minangka asil budaya ing jaman biyen. Miturut Djamaris (2002:3) ngandharake naskah yaiku sakabehane tulisan tangan tinggalane leluuhur ing kertas lontar, kulit kayu, utawa rotan. Sajrone basa latin naskah diarani *codex*, ing basa Inggris diarani *manuscript* lan ing basa Walanda diarani *handscript*. Disengkuyung karo panemu liya yen sakabehane teks kango awujud tulisan tangan iku diaranai naskah. Dadi naskah kuwi barang kango nduweni wujud konkret, bisa dideleng lan dicekel. Naskah umume arupa buku, wujude kandhel amarga ngemot crita kango jangkep, saperangan ana kango anonim lan cacahé akeh amarga ana kango disalin. Crita kango ana ing naskah lumrahe ngandharake ngenani kadadeyan kango ana ing jaman biyen (Barried, 1994:55-56).

Kadhang ana kedadeyan kango kecathet lan lagi bisa dingerteni lumantar tulisan kango ana ing sajrone naskah. Naskah kango kasebar uga maneka warna irah-irahane.Naskah kango ana ing Indonesia nganggo basa pamaca. Uga ana saperangan kango mangribawani anane psikologi sastra sajrone karya sastra.

kang ora padha miturut panggon naskah kasebut ditemokake, beda panggone uga beda basane. tuladhané kaya ing tanahJawa, naskah kang kasebar basane arupa basa Jawa. Tulisan kang dianggo ana aksara Jawa uga ana aksara Arab pegon. Semana uga yen naskah kang ditemokake kuwi ana ing tanah pasundhan basa kang digunakake yaiku basa Sundha lan tulisan arupa aksara Sundha.

Saya suwe panliten naskah saya mungkret amarga ora ana kang bisa nglestarikake lan nyinaoni bab naskah. Nanging ana saperangan golongan utawa kelompok kang gelem nyinaoni lan nglestarikake naskah kuwi mau. Salahsawijine yaiku para mahasiswa, utamane Jurusan Basa lan Sastra Dhaerah kang kudu bisa melu jaga lan nglestarekake warisan budaya Jawa. Warisan budaya kasebut arupa naskah.Ana ing panliten iki bakale ngrembug naskah kanthi irah-irahan “Serat Riwayat Sekar Wijajakusuma”. Naskah iki ditemokake ing Surakarta. Sajroning naskah iki uga kalampirake translite naskah lan kopian naskah, kanthi pangarepan mugiya saged migunani tumrap panyerat lan pamaca.

Dene tegese teks yaiku samubarang kang ana ing sajrone naskah, babagan kang ora nyata utawa abstrak kang mung bisa dibayangake. Miturut Purnomo (2007:20) nuduhake yen sajrone paugeran filologi kang sinebut teks yaiku sakabehe wacan kang ana sajrone naskah. Bisa wae yen teks kuwi minangka isi saka sawijine naskah. Pigeud (sajrone Purnomo, 2007: 29) merang naskah ing Indonesia miturut jinis yaiku (1) naskah epik kesatriyan, (2) naskah histografi tradisional, (3) naskah basa, (4) naskah manungsa lan raja-raja, (5) naskah filsafat lan folklor, (6) naskah religi-agama, (7) naskah mistik, (8) naskah etik lan didaktis, (9) naskah ngenani tata aturan lan norma ukum, (10) naskah obat-obatan, (11) naskah palintangan, (12) naskah nujum pajangka, (13) naskah arsitektur tradhisional. Dene Subandiyah (2007:59) merang naskah ana telung jinis yaiku: (1) teks lisan kang sastra rakyate sumebar kanthi cara lisan, (2) teks naskah tulisan kanthi aksara dhaerah, (3) teks cetakan. Saben teks kuwi mesthi nganggo tintingan filologi.Filologi lisan nduweni gegayutan karo tradhisi lisan. Dene filologi naskah nduweni gegayutan karo kawruh ngenani urip bebrayan kang ana sajrone naskah. Filologi cetakan ana sesambungan karo tradhisi cetakan.

#### Dheskripsi

Tata cara iki minangka perangan saka panliten kang nuduhake isine naskah. Paedahe deskripsi naskah yaiku panliti luwih gampang anggone nemtokake tintingan. Bab kang diandharake ing dheskripsi naskah yaiku samubarang ngenani kahanan fisik naskah kanthi apa anane. Miturut (Djamaris, 2002:12) ngandharake yen babagan kang kudu sajrone naskah yaiku: (1) Papan Panggonan kanggo nyimpen naskah, (2) Nomer naskah (yen ana), (3) Pangripta naskah, (4) Bahan naskah (lontar, kulit lsp), (5) Ukuran naskah lan jumlaha kaca naskah, (6) jinis tulisan, (7) Kahanane tulisan, (9) Kahanane naskah kanthi umum.Cumandhuk karo apa kang diandharake dening Purnomo (2007:33-34) yen bab-bab kang kudu ana sajrone dheskripsi naskah yaiku (1) panggon kanggo nyimpen naskah, (2) nomer kang ditulis

kanthi jangkep, (3) panulis, (4) bahas naskah, (5) ukuran naskah, (6) cacape kaca, (7) jinis tulisan naskah, (8) kahanane tulisan (9) umur naskah sarta kahanane naskah.

#### Transliterasi

Perangan iki minangka salah wujude proses panyuntingan teks kang ditulis nggunakake aksara jawa utawa aksara Arab-Melayu. Miturut Djamaris (2002:19) tegese transliterasi yaiku ganteni aksara siji mbaka siji kango mangerteni isi sajrone naskah kasebut.kayata aksara pegon, aksara jawa lps. Cumandhuk karo apa kang diandharake dening Barried (1994:63) yen transliterasi nduweni makna ngganti jinis tulisan naskah, aksara siji menyang aksara liyane, abjad siji menyang abjad liyane. Tujuwan saka transliterasi naskah lawas yaiku kanggo ngenalake teks-teks lawas kang sumimpren sajrone tulisan kang wis ora dikenal maneh karo bebrayan ing jaman saiki kayata aksara Pegon, aksara Jawa lps (Djamaris 2002:19).

Tujuwan saka transliterasi naskah lawas yaiku ngenalake teks-teks lawas kang sumimpren sajrone tulisan kang wis ora dikenal maneh karo masyarakat jaman saiki. Anane pambeda sajrone basa anyar kang wis dimangerteni dening bebrayan, mula diperlokake pedhoman kang luwih mligi kanggo nyalin aksara sajrone teks kasebut. Pedhoman kasebut digunakake supaya bisa mangerteni isi naskah kasebut kanthi bener lan pener.

#### Suntingan Teks lan Komentar

Tembung suntingan tegese asile saka kagiyatan nyunting (Purnomo, 2007:19). Tatacara iki mujudake pakaryan nyunting naskah. Suntingan yaiku asil pakaryan nyunting utawa ngedit, kang nuduhake asil saka transliterasi saka naskah Sekar Wijayakusuma. Tatacara iki minangka salah sawijine ilmu Filologi kang digunakake kanggo nyiapake obyek panliten kang arupa *manuscript* kang dianggep *representative* kanggo edhisi ilmiah sawijine teks.Edhisi ilmiah teks nduweni metode-metode kang akeh banget, metode kang gegayutan karo panliten Naskah Sekar Wijayakusuma yaiku metode naskah tunggal. Metode naskah tunggal iki nduweni rong edhisi yaiku edhisi diplomatik lan edhisi standar. Edhisi diplomatik nduweni teges yen asil tranlitas iku teks kasebut ora doiwahi babar pisan tetep padha karo sumber wiwitan (Robson, 1978:42). Dene edhisi standar nduweni teges sajrone nyunting teks kang dilakoni yaiku ngowahi yen ana salahe lan ejaan dilarasake karo paugeran *normatif* kang ana. Neng kene Panliten bakal nggunakake edhisi standar.

Sajrone suntingan teks ana tata cara kang kudu ditindakake kayata: (1) lelandehsane suntingan teks, (2) asil suntingan teks, (3) aparat kritik teks, (4) komentar. Sajrone lelandhesan suntingan teks ana perangan dhassar tembung lan tandha kang digunakake kanggo nyunting naskah Sekar Wijayakusuma. Subandiyah (2007:98-99) nuduhake yen nyunting teks kaperang dadi loro yaiku naskah tunggal lan suntingan naskah jamak. Neng kene suntingan naskah tunggal nggunakake rong metodhe yaiku metodhe standar metodhe diplomatik. Metodhe standar digunakake sajrone nyunting yaiku nalika isi cerita biasa lan ora dianggep sakral. Metodhe iki uga digunakake kanthi mbenerake kekeliruan sajrone transliterasi naskah.

Miturut Subandiyah (2007:61) ngandharake ana salinan teks yaiku: (1) anane pepinginan nduweni naskah kasebut, (2) naskah asline wis rusak, (3) anane rasa kuwatir yen naskah asline ilang, (4) kanggo tujuwan magis, yaiku nduweni pepinginan bisa oleh berkah kakuwatan magis saka kang disalin, (5) kanggo tujuwan politik, ajaran agama lan piwulang. Tujuwan saka perangan iki yaiku kanggo magerteni wujud teks kang lput lan bener, adhedhasar makna kang kinandhut sajrone teks. Adhedhasar anane kekeliuwan sajrone teks, mula perlu upaya kanggo mbenerake kekeliruan kasebut. Upaya iki kang diarani aparat kritik.

Sajrone proses nintingi teks kang ana ing naskah, penyunting bakal nemokake *variasi* tampilan saka teks kasebut. Maneka *varian* kang tuwuhan sajrone naskah dicatat ing aparat kritik (Purnomo, 2007:52). Sajrone pangrembakane Filologi, aparat kritik dideleh ing ngisore kritisik teks. Saben metode kritisik teks mesthi menehi aparat kritik lan komentar. Komentar neng kene mujudake pertanggungjawaban saka suntingan teks. Bedane kritisik teks lan aparat kritisik mung ana ing cacahe objek. Yen kritisik teks kanggo mbandingake teks kang luwihi saka siji dene aparat kritisik ora mbandingake teks karo teks liyane. Dhasar saka aparat kritisik yaiku pedhomana panulisan kang ana ing kamus lan trep-trepante saka paugeran saka guru swara, wilangan lan gatra.

Sajrone suntingan teks iki ana perangan kangaran komentar. Komentar nduweni gegayutan karo aparat kritisik. Gegayutan kang dimaksud yaiku saben aparat kritisik mesthi ana komentar kang diandharake minangka *pertanggungjawaban transliterator* saka asil aparat kritisik. Saliyane kuwi, Purnomo (2007:53) uga ngandharake fungsi komentar yaiku: 1) Andharan penyunting ngenani wacan endi kang kudu dijupuk, kena apa varian kuwi dipilih dudu varian liyane, 2) Andharan ngenani teks kang kurang cetha. Edhitor kudu legawa lan ngakoni yen duwe kaluputan nalika ngwenehi kritisik lan komentar. Wis lumrah yen manungsa nduweni kaluputan amarga manungsa pancek ora ana kang sampurna.

### Hermeneutika

Hermeneutika kanthi etimologis asale saka basa Yunani yaiku saka tembung *hermeneuin* kang nduweni teges napsirake. Karya sastra perlu ditapsirake jalaran nggunakake basa, amarga sajrone basa ana makna kang sumimpin utawa sengaja disimpin kanggo kawihaten tartamtu (Ratna, 2004:45). Metodhe hermeneutika trep yen digunakake lelandhesan kanggo sawijine kasusastran, amarga mbuthuhake penapsiran supaya bisa ngertenan lan meruhi isi kang kinandhut sajrone kasusastran kasebut.

Hermeneutika nduweni teges pangira-ira (Endraswara, 2011:42). Nduweni tujuwan kanggo mangerteni makna sastra kang na ing sawalikke struktur. Upaya kanggo mangerteni makna ora mung babagan symbol, nanging uga nganggep sastra minangka teks. Sajroning teks kasimpun konteks kang asipat polisemi. Mula panliten kudu ngarah marang teks lan konteks saengga bisa mikolehi makna kang utuh. Hermeneutikauga minangka wujud saka sawijining paradigma kang ngupaya ngira-ira teks adhedhasar logika linguistik. Logika linguistic bakal menehi jlentrehan teks sastra lan bisa kanggo ngertenan makna kang kinandhut.

Hermeneutik yaiku lelandhesan filosofi lan dadi modus analisis dhata. Lelandhesan filosofi tumrap manungsa kanggo interpretativisme dene modus analisis ana gandheng cenenge marang dhata tekstual. Hermeneutik digunakake dening panliti kanggo ngertenan luwihi jero lumantar lisan lan dhata tekstual. Interpretasi sajrone hermeneutik minangka upaya kanggo ndadekake samubarang kanthi wujud teks utawa analog-teks, durung cetha,luwihi amrihe dingertenan dening pawongan (Moleong, 2005:277).

Hermeneutika, kualitatif, lan analisis isi iku sejatiné padha-padha nggunakake cara penafsiran kang analisane disuguhake kanthi wujud deskripsi. Ing kene panliten ora mung sewates nggolek kabeneran kang ana, nanging uga ngonceki maknane kanthi optimal. Pengalaman manungsa kang nuduhake wujud basa kang angel dimangertenan dening para pamaca, mula dibutuhake cara napsir kang bener. Hermeneutika uga minangka wujud proses kang ngubah saka kahanan ora ngerti dadi kahanan kang dimangertenan (Sumaryono, 1999:24).

### Laku

Yana (2010:11) nuduhake yen panguripan sosial lan budaya jawa ing masyarakat Jawa yaiku kawiwitlan saka pakulinan uripe masyarakat ing jaman biyen kang isih tradisional. Pakulinan kasebut banjur dadi titikan tumrap panguripane masyarakat Jawa ing jaman sabanjure. Pakulinan kasebut kang bisa diarani tradhisi. Kanggo nindakake tradisi kasebut kudu ana saperangan laku. Lakukang nduweni teges pakulinan saka jaman biyen kang awujud laku spiritual kanggo nggayuh utawa mujudake apa kang dadi kekarepane. Yen neng agama bisa diarani ikhtiyar marang Gusti Allah saliyane donga supaya gegayutan kasebut bisa kawujud. Laku kang ditindakake mesthi ndwenni daya supaya bisa dianggo pedhomana urip manungsa.

Miturut Koentjaraningrat sajrone Suseno (1983:93) Prinsip kang ana ing lakon kang ditindakake dening para pungawa kuwi wis diandharake sajrone Pamawase Jagad Jawa Moral. Yen kawikcasanan urip wong Jawa mligini wong cilik nduweni prinsip yaiku agawe rukun. Wong cilik kang nduweni kapitayan yen ana daya kang ora ketara diumpamakake minangka roh. Ana kang dadi pangayom dhesa yaiku dhanyang, ana kang medeni manungsa yaiku memedi, ana kang manggon ing wit kang dhuwur utawa ing sawijine sumur lan liya-liyane. Daya kasebut dipercaya dening wong Jawa bisa mbantu kanggo ngolehake apa kang dadi kekarepane. Mula saka kuwi kudu ana lakon kang kudu ditindakake kanggo cara bisa nduweni sesambungan karo roh-roh kasebut. Supaya bisa agawe rukun ora mung padha manungsane nanging uga karo roh-roh kasebut. Prinsip agawe rukun kang kaya mangkono bisa disinaoni saka peninggalan-peninggalane para leluhur kang adi luhung kayata naskah Sekar Wijayakusuma.

### Simbol

Sajrone studi kabudayan miturut James P Spardley sajrone (Sobur, 2013:113) yen kabeh tumindhake manungsa mesthi nganggo lambang lan simbol. Kabudayan dhewe nduweni teges saka simbol-simbol lan nilai-nilai adhedhasar asil karya manungsa lan tumindhake manungsa saengga mesthi nduweni

sesambungan karo kabudayan mula saka kuwi bisa diarani homosimbolicum. Sajrone budaya wong Jawa nduweni pamawas miturut rong lelandhesan. Kapisan tumrap pamawas panguripan utawa filsafat urip kang religi lan mistis. Kaloro tumrap tumindhake manungsa kang etis lan mikul dhuwur nilai-nilai kang bisa dianggo tuntutan. Pamawas urip kang mesthi digayutake marang sakabehane samubbarang karo Gusti kang nduweni sipat mistis lan magis uga ngurmati para leluhur utawa daya-daya kang ora nampak dening panca driyane manungsa. Mula saka kuwi dianggo simbol-simbol kayata:

- 1) Simbol kang nduweni sesambungan karo roh leluhur kang awujud tumindhak yaiku nyepakake ubarampe utawa sajen kayata nyepakake kembang, nyepakake dupa, nyepakake banyu putih, slametan lan ziarah.
- 2) Simbol kang nduweni gegayutan karo daya-daya kayata nenepi, nganggo keris, tombak, jimat lsp.
- 3) Simbol kang nduweni sesambungan karo leluhur kayata pedhoman-pedhoman laku utama sajrone Hasta-Sila, Asta-Brata lan Panca-Kreti.

Bebrayan Jawa sajrone panguripane ngandharake pangrasa lan tumindhake karo gayutake tumrap saperangan samubbarang kang asipat simbolis. Sakabehane tumindhak mau asring diwujudake sajrone upacara-upacara. Sajrone upacara kasebut ana unsur simbolis kang wigati banget tegese. Panganggone simbol sajrone wujud budaya, prnyata dileksanani kanthi sadhar, ngertenan lan dianut kanthi turun temurun. Paham utawa aliran tata pamikir kang adhedhasar diri pribadi tumrap simbol kuwi diarani simbolisme.

Simbol (symbol) utawa kang asring diarani lambing, asale saka tembung Yunani “sym-ballein” kang nduweni teges nguncalake bebarengan samubbarang kang digayutake karo sawijine ide. Miturut (Hartoko&Rahmanto,1998:133) ana kang ngarani “symbolic” kang ateges tandha utawa titikan kang ngandharake sawijine samubbarang tumrap sawijine pawongan. Sajrone Kamus Umum Basa Indhonesia anggitane WJS Poerwadarminto ngandharake yen simbol utawa lambang yaiku kayata tandha, gegambaran, tuturan lsp kang ngandhut teges tartamtu. Simbol yaiku wujud kang menehi tandha samubbarang kang ndadekake samubbarang kasebut diarani simbolik. Mula simbol uga bisa ditegesi kayata tandha kang diwenehake marang samubbarang kanggo makili teges tartamtu. Sajrone kawruh kabudayan ana maneks werna simbol kayata tetembungan, sawijine obyek kaya gendera, salah bawane manungsa kayata ngawe, sawijine panggon kayata masjid utawa sawijine prastawa kayata mantenan minangka perangan-perangan saka sistem simbol. Simbol kaperang dadi telu: 1. Simbol universal kang gegayutan karo arketipos kayata turu minangka lambing mati, 2. Simbol *cultural* kang dilandhesi saka sawijine kabudayan tartamtu kayata keris sajroneadicara tartamtu, 3. Simbol individual kang lumrahe ditapsirake sajrone sakabehane asil karya sawijine panganggit.

Miturut Suwondo (1981), samubbarang kang kalebu simbol sajrone kabudayan Jawaing antarane yaiku: 1) Samubbarang kang nduweni wujud kayata lintang, wit-witan, perangane omah, asil karya saka kango awujud gambar kang ana ing busana, uga ubarampe

sawijineadicara, 2) Werna, 3)Solah bawane manungsa, 4) Tuturan, 5)Tumindhak kang ngandhut simbol, 6) Wilangan, aksara lsp. Sajrone kabuayan Jawa, bebrayan Jawa minangka panyengkuyung kudu manut marang paugeran. Paugeran kang tuwuhan lan ngrembaka sajrone panguripane bebrayan kanthi turun-maturun. Lumrahe paugeran kasebut nduweni daya kang asipat magis. Mula neng kene simbol nduweni paedah minangka dadi piranti sesambungan antarane manungsa lan makhluk ghaib. Tumrap bebrayan Jawa kang ngleksanani sawijineadicara, perangan ubarampe kanga sale saka donya ghaib bisa disawang luwih nyata lumantar simbol-simbol kang ana ing ubarampe kasebut.

Dene miturut Miturut Pierce sajrone (Sobur, 2003:13) tandha kaperang saka ikon,indeks kan simbol. Ikon yaiku sawijine samubbarang kang wujude nyata (loro utawa telu dimensi). Tuladhane gambarae Megawati yaiku ikone Megawati. Dene indeks yaiku tandha kang ana kanthi asosiatif amarga anane sesambungan titikan kang sipate tetep. Tuladhane tembung rokok nduweni indeks beluk. Dadi tegese simbol kanthi substansial yaiku makna-makna kang kinandhut ing njerone, minangka pesen, kekarepan, ajaran utawa wujud komunikasi liyane. Mula yen pengen mangertenan maksna saka simbol ora gampang, amarga siji simbol bisa wae ngandhut makna maneka werna.

Sajrone nganalisis makna semiotik kudu ngliwati kagiyatan spiritual kaya kang diandharake dening Edraswara (2006:200-201) yaiku: (1) *exegetical meaning* yaiku makna kang diolehake saka informan warga sakupenge ngenani tumindhak ritual kang lagi diamati. Tumindhak ritual kang diamati arupa nilai-nilai sajrone ritual kasebut saengga ngandhut makna lan tujuwan. (2) *positional meaning* yaiku makna kang diolehake saka interpretasi symbol sajrone gegayutan klawan simbol liyane kanthi *totalitas*. Simbol iku minangka sawijine rerakitan saka maneka werna makna. Kabudayan kang kawangun saka tandha utawa simbol diarani praktik budaya tinarbuka yaiku analisis simbolik.

Gegayutan karo teori simbolik sajrone lakone para nayaka keraton kang diutus kanggo golek pusaka kudu nyepakake saperangan ubarampe (sajen) kang ora bisa uwal saka makna kang ngandhut tandha. Makna kang kinandhut tndha utawa simbol diasilake miturut tatarakite, wujud kang ngeleggani banjur fungsi tumrap bebrayan ing sakupenge. Dadi simbol utawa tandha yaiku lambing budaya kang kasil lan diripta sarta wis dadi *kesepakatan* bebarengan minangka identitas bebrayan Jawa mligine bebrayan Surakarta. Mula ing lakone para nayakakang nggunakake saperangan ubarampe (sajen) bakal migunakake makna lan ilmu tapsir kang ngasilake tandha utawa simbol kanthi nggunakake teori simbolik.

### Kode Budaya

Miturut Luxembrug (1986:92) ngandharake yen kode nduweni teges tandha-tandha kang dadi sawijine sistem. Bab kasebut disengkuyung dening Seger (1978:9) yen kode minangka sistem tandha ngendi wae kang dadi pasarujukan sadurunge antarane sumber lan tujuwan kang digunakake kanggo nggamarake sawijine kahaan tartamtu. Saben tandha kang ana sajrone carita nduweni

fungsi kanggo nggambarkerake kahanan kang ana ing carita ing panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti ing kene minangka subjek kang bakal nindakake panliten, lan instrumen liya kang bisa nyengkuyung proses anggone njupuk dhata antarane yaiku : pulpen, petelot, buku lan kertas kanggo nulis dhata kang wis diwaca.

lan uga mbantu panggurit nalika arep nyampekake panyitra tumrap para pamaca supaya bisa ngerten iisi saka arita kasebut kanthi wutuh. Peranan basa sajrone kasusastran nduweni kalungguhan kng wigati banget, amarga sajrone basa sumimpin maneka werna makna kang disampekae dening panggurit marang pmaca. Mula kudu bisa ngerten kode-kode kang ana ing kasustran. Kaya apa kang diandharake miturut Teew (12:1983) ana telung kode digatekna nalika maca sawijine kasusastran. Kode kasebut bahasa sastra, kode sastra lan kode budaya. Kode bahasa yaiku pangerten tumrap lelandhesan panguripan, konteks, lan sistem sosial budaya. Laire kasusastran pangaribawani dening panguripan sosial budaya panggurite. Mula saka kuwi sudut pandhang panggurit sajrone kasusastran bisa dadi kaca pangilon panguripan sosial budaya ing masyarakat. Kasusastran minangka tandha kaiket tumrap konvensi bebrayan, amarga minangka kaca pangilon kasunyatan budaya bebrayan kang dadi *modhel*.

## METODHE

Panliten ngenani Laku ngudi pusaka sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma klebu jinis panliten sastra. Panliten sastra mujudake upaya kanggo negesi makna kanthi premati lan kritis tumrap sastra. Panliten sastra nduweni disiplin ilmu kang nduweni obyek pamarekan lan method kang cetha ( Semi, 1993:18). Kawwas saka obyek panliten kanthi irah-irahan Laku Ngudi Pusaka sajrone Serat Sekar Wijayakusuma kalebu panliten kualitatif. Dhata kang diasilake sajrone panliten kualitatif arupa tembung-tembung sajrone ukara. Metodhe panliten iki mujudake jinis panliten kang nganalisis iisi saka ojek kasebut kang arupa dheskripsi lan andharan.

Lumrahe panliten kualitatif banjur nggunakake metodhe deskriptif analitik. Miturut (Ratna, 2013:53) ngandharake yen metodhe deskripsi analitik mujudake saperangan metodhe kang ditindhakake kanthi cara ndeskripsikake utawa nggambarkerake kanthi cetha kasunyatan-kasunyatan banjur diwenehi tintingan. Panliten nduweni pangajab supaya bisa menehi gambarang kang cetha tumrap pamca lumantar tintingan deskripsi analitik iki. Babagan objektif nilai budaya kang ana ing naskah *Sekar Wijayakusuma* bakal dijentrehake kanthi hermeneutik. Tintingan kang dianggo bakal nuduhake babagan ngenani dheskripsi, transliterasi lan suntingan teks, sarta tintingan babagan ngenani "Laku Para Nayaka". Adhedhasar tujuwan saka panliten filologi kritik teks kang ngasilake edisi ilmiah tumrap naskah tungan kaperang dadi loro yaiku edhisi standar lan edhisi diplomatik. Menawa ing panliten Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma bakal nggunakake edhisi standar.

Sumber dhata dadi perangan kang utama amerga bab kang dadi objeke panliten kasil saka sumber dhata kasebut. sawijine panliten ora bisa kalaksan yen ora ana

sumber dhata. Sumber dhata kang awujud buku, *dokumen*, kalawarti *ilmiah*, lsp klebu sajrone sumber dhata tulis (Moleong, 2006:159). Sumber dhata utama lan dadi punjer sajrone panliten iki yaiku laku ngudi pusakakang ana sajrone naskah Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma. Njlimeti lan ngonceki isine serat kasebut prelu ditindakake dening panliti supaya dhata kang awujud tembung-tembung kang kasimpen sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma bisa kawedhar kanthi gamblang. Dhata *kualitatif* kang wis kasil diandharake kasebut banjur digayutake karo kasunyatan kang ana.

Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma kasebut awujud gancaran. Serat kasebut kasimpen ing museum Radya Pustaka Sala kanthi No.Inventaris 42 115 SMP. Ditulis ing dluwang *HVS* kang warnane putih semu soklat. Ukuran dluwang dawane 34cm, ambane 21,5 cm, kandhele 0,5 cm. panggon aksara ing naskah yaiku ndhuwur 2 cm, ngisor 3 cm, tengen 4,5 cm, kiwa 4,5. Kahanane naskah becik tulisan bisa kawaca kabeh. Ana 19 lembar lan ditulis nganggo aksara Jawa. Basane nggunakake Basa Jawa Baru.

Kanthi *konkret-e*, dhata panliten awujud sakabehe 'tembung-tembung' lan 'tumindak' saka piranti-piranti kang dadi sumber dhata utama (purnomo, 2013:134). Dadi ing kene wujud *konkret-e* dhata yaiku laku ngudi pusakakang kasimpen sajrone naskah Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma. Dhata mujudake sakabehe piranti kang arep ditintingi. Sumber dhata kang digunakake arupa reriptan utawa naskah minangka dhata *formal* kang awujud tembung-tembung, ukara lan wacana. Dhata kang bakal dititi sajrone panliten iki yaiku sakabehe tembung-tembung lan ukara kang ana ing Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma. Dhata kang dijlimeti kasebut ngener marang Laku kang ditindakake dening para pungawa nalika ngudi pusaka.

Instrument kang digunakake sajrone panliten iki kaperang dadi loro yaiku instrument utama lan instrument panyengkuyung. Instrument kang utama yaiku panliti minangka panyusun lan panindhak panliten. Dene instrument panyengkuyung yaiku kartu data minangka sarana panglumpukane data, internet, lan saperangan piranti kang digunakake nalika panlitenan kaya gambar foto naskah, buku cathetan, pulpen, lan kamera.

Teknik ngumpulake dhata miturut Djamaris (2002:10-11) ana rong cara ngelumpukake dhata ing panliten filologi yaiku teknik pustaka lan teknik lapangan. Teknik pustaka minangka wujud proses pengumpulan dhata kang awujud tulisan utawa kapustakan. Kegiatan kang miwiti panliten iki yaiku panliten maca teori-teori kang ana gegayutane karo karya sastra mligine karya sastra kuna uga maca ngenani babagan budaya. Kanthi cara ngumpulake buku-buku kang saemper lan bisa nyengkuyung panliten kasebut. Teknik nyatet uga digunakake sajrone pangumpulan data. Teknik nyathet dilaksanakake kanthi maca Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma lan menehi tadha utawa catetan tartamtu. Teknik iki digunakake kanggo ngolah saben perkara kang ana sajrone naskah bisa dadi luwih cetha. Teknik iki uga nduweni tujuwan kanggo nggampangake panliten nalika nliti babagan kang narik kawigaten sajrone naskah Serat Riwayat Sekar

Wijayakusuma kang dadi objek ing panliten iki. Tahap-tahap kang digunakake sajrone ngumpulake dhata yaiku:

### 1) Transliterasi

Tahap *transliterasi* dhata yaiku nulis sakabehe dhata kang wis diolehi saka naskah kasebut. Saka tegese *transliterasi* yaiku ngganti aksara siji mbaka siji mula diperlokake upaya *transliterasidhata*, amarga wujud dhata dhewe arupa naskah kang ditulis nggunakake aksara Jawabisa diganti menyang aksara latin supaya gampang dingerten.

### 2) Suntingan teks

Sawise tahap *transliterasi* dibacutake marang tahap nyunting teks. Tamtune tujuwane supaya panliti bisa mebenerake kekeliruan saka teks sajrone *transliterasi* naskah. Panliti uga bisa ngertenisine naskah, apa kang dikarepake sajrone naskah. Saliyane iku nalika maca naskah, panliti uga bisa nithiki lan ngewenehi tandha marang saperangan bagiyen naskah kang dianggep penting.

### 3) Maca naskah

Panliti maca kabeh isine naskah Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma kanthi dibolan-baleni. Kanggo mangertenia apa wae kang ana sajrone naskah uga bisa merang isi saka nash kasebut. Nalika ing tahap maca iki bisa ngewenehi tugelan kertas kanggo menehi saben kaca kang dadi bab-bab kang narik kawigaten sajrone naskah kasebut.

### 4) Nyathet dhata

Ing tahap iki panliten nyathet sakabehane data kang jumbuh utawa cundhuk karo sasaran lan tujuwan saka panliten iki. Dadi iki nggampangake panliten supaya bisa luwih mangertenia babagan kang narik kawigaten banjur di tliti lan bisa mujudake asil anane panliten iki.

### 5) Merang dhata

Dhata kang wis dicathet banjur dipilah endi kang kalebu dhata laku para nayaka nalika netepi jejibahan.sapa wae kang kalebu nayakakang nglakoni jejibahan kasebut. Banjur bisa ngertenisine panggonan endi wae kang dadi panggonan laku para nayaka. Apa saben panggon nduweni bab-bab kang wigati kang bisa dianalisis kanthi metodhe *hermeneutik*.

Analisis dhata yaiku proses nata lan ngurutake data menyang *pola*, *kategori*, lan sawijining andharan dhasar (Moleong, 2007:280). Anggone analisis dhata duweni tujuwan supaya bisa ngasilake analisis kang runut lan cundhuk karo tujuwane panliti.Adhedhasar andharan kasebut, panliti naskah *Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma* nggunakake filologi modern mligine nggumakake edhisipdiplomatik. Kajaba kuwi , panliti uga nggunakake metodhe hermeneutika kanggo nliti naskah Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma yaiku napsirake sakabehane kang ana sajrone naskah. Mangertenia makna ora mung simbol, nanging nliti objek sastra minangka teks.Saengga bisa nemokake makna utawa teges kang wutuh.Cara nganalisis data sajrone panliten iki digunakake telung tahap analisis data kualitatif, kaya apa kang diandharake dening Sudikan (2001:80) yaiku *open coding*, *axial coding* lan *selective coding*.

### 1) Open coding

Tata cara kang ana ing open coding yaiku panliti kudu nglumpukake dhata saakeh-akehe. Open coding

ditindhakake kanthi ngrinci, mriksa, lan merang data. Tahap open coding sajrone panliten iki yaiku ngrinci lan mriksa sakabehe laku kang ditindakake para nayakanalika golek puasaka ing pulo Bandung.

### 2) Axial coding

Tatacara sabanjure yaiku tahap axial coding, yaiku merang dhata asil saka open coding. Sajrone tahap iki ditindhakake kanthi nganalisis sesambungane antar kategori. Sesambungan mau dianalisis kanthi merang dhata mau adhedhasar pepalang apa wae lan makna apa kang ana sajrone ubarampe nalikagolek pusaka kang aran *Sekar Wijayakusuma*.

### 3) Selective coding

Tatacara kang kaping pungkasan yaiku selective coding, yaiku panliti merang dhata adhedhasar kategori siji marang kategori liyane. Kategori kasebut ditemokake kanthi mangertenia pepalang sajrone lakuning abdi dalem lan nggayutake antarane nilai moral kang ana ing laku kasebut. Banjur nganalisis asil saka kaloro kategori lan ngasilake sawijine dudutan kang diangkat dadi general design. Tahap selective coding sajrone panliten coding antarane, nganalisis laku para nayakakanggo netepi jejibahan sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma lan tahap sabanjure menehi dudutan ngenani laku para nayakakanggo netepi jejibahan sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma.

## ANDHARAN

### Dheskripsi Naskah


Kagiyanan kang ditindakake sajrone dheskripsi naskah yaiku ngandharake irah-irahan naskah, papan kanggo nyimpen naskah, pangripta naskah, bahan naskah, ukuran naskah, jinise tulisan, kahanan tulisan, kahanan naskah lan samubarang liyane kang gegayutan karo kahanan fisik naskah (Purnomo.2007:33-34). Saka dheskripsi naskah iki bisa menehi gegambaran kahanan naskah lan nggampangake pamaca anggone mangertenia isi saka naskah kasebut.

Kaya apa kang wis diandharake ing bab sadurunge yen naskah Sekar Wijayakusuma katulis wujud gancaran lan kaperang dadi 9 bab. Diwiti saka bab Sekar Wijayakusuma nganti cacuhe ana 19 kaca. Tulisan naskah nganggo aksara Jawa. Bab-bab kang bakal diandharake ing antarane yaiku: irah-irahan, panulisan lan wektu panulisan, ukuran naskah, kahanan naskah, tulisan naskah, basane naskah, wujude naskah, lan isine naskah.

### 4.1.1 Irah-irahan Naskah

Supaya pamaca bisa cetha kepriye isine naskah kang ndadekake irah-irahan naskah dadi bab kang wigati banget. Kanthi anane irah-irahan naskah panliti apadene pamaca bisa mangertenia kepriye sejatinne isi kang diandharake ing naskah. Pawenehan irah-irahan naskah nduweni ancas supaya kita luwih gampang ngarani lan mangertenia naskah-naskah apa wae kang ana ing kasusastran Jawa. Dene objek panliten kang arupa naskah iki nduweni irah-irahan Riwayat Sekar Wijayakusuma ana ing samak naskah. Bukti naskah iki nduweni irah-irahan Riwayat Sekar Wijayakusuma bisa dideleng ing samak naskah iki:

Gambar 4.1



dipercaya, amarga wong kuwi sing dicekel kuwi //Serat riwayat sekar wijayakusuma//

Sawise mangerten tulisan ing samak naskah kasebut bisa dingerten yen naskah iki nduweni irah-irahan Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma. Isi saka naskah iki yaiku ngenani para nayaka nalika golek pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma, dadi irah-irahan kasebut cundhuk karo isi saka naskah.

#### 4.1.2 Kahanan Fisik Naskah

Kahanan Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma iki isih apik, kanthi dheskripsi naskah iki awujud kertas. Ing bageyan pinggir naskah ana solasi werna ireng gunane kanggo ngraketake samak ngarep, isi naskah lan samak mburi. Saliyane samak, serat iki uga nduweni kaca pisungsung lan purwaka. Serat iki nduweni 19 kaca kang keperang saka tulisan aksara jawa lan aksara latin. Kaca kang tinulis nganggo aksara latin ana 2 kaca liyane tinulis nganggo aksara Jawa. Luwih cethane kahanan fisik naskah Sekar Wijayakusuma iki bisa diawas kaya tabel ing ngisor iki:

Tabel 4.2


No.	Bab	Andharan	Katrangan
1	Cacahe kaca	25 kaca, nanging ora wolak-walik	Kaca siji nuduhake irah-irahan saka naskah yaiku "Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma". Dene kaca loro nganti telu isine ngenani bab purwaka lan pisungsung. Kaca papat ngenani pratelan isine naskah kasebu. Banjur kaca lima nganthi pungkasan ngandhut ngenani andharane serat.
2	Kandel naskah	0,5 cm	-
3	Dawa kertas	21,5 cm	
4	Amba kertas	34 cm	
5	Cacahe gancaran	6 bab	
6	Dawane kertas	15 cm	Wates kiwa lan tengen, banjur antarane kaca sisih kiwa lan sisih tengen ora padha. Kaca sisih kiwa

			wates kiwa 4,5 cm lan wates tengen 1 cm. Dene kaca sisih tengen wates kiwa 1,5 cm lan tengen 4,5 cm.
7	Ambane teks	28 cm	Wates ndhuwur lan ngisor, banjur antarane kaca sisih tengen kiwa uga bedha. Kaca sisih kiwa, wates ndhuwur 2 cm lan ngisor 3 cm. Dene kaca sisih tengen wates ndhuwur 2 cm, lan ngisore 3 cm.

#### 4.1.3 Tulisan Naskah

Tulisan kang ana ing naskah Sekar Wijayakusuma cukup cetha, mung ana saperangan wae panulisane kang kudu alon-alon anggone mangerten karakteristik saka Aksara Jawa kang ana ing naskah kasebut. Aksara kuwi mligine irah-irahan naskah kang tulisane katon blobor kang ndadekake ora gampang anggone mangerten karakteristik tulisan kasebut. Tuladha aksara sa,/ra/ka/,ma/, ta/ kang ana ing tembung //Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma//

Gambar 4.3



#### 4.1.4 Basa Naskah

Basa mujudake perangan kang wigati sajrone naskah. Penganggone basa ing kasusastran dadi sarana kanggo medharake pamikiran saka pangripta, mula ing kasusastran asring ditomakake basa kang endah, basa kang endah kasebut digunakake pangripta kanggo narik kawigatene para pamaca. Basa uga minangka sarana komunikasi pangripta marang pamaca. Lumantar basa, panliti bisa ngerteni isi lan maksud kang kinandhut sajrone naskah.

##### 1) Basa Kawi

Saliyane nggunakake ragam basa Jawa ngoko lan krama uga ana saperangan ukara kang nggunakake tembung kawi. Tembug-tembung kasebut digunakake dening panulis kanggo ngandharake gagasan-gagasan, senadyan tembung kawiwek wektu saiki wis jarang digunakake. Nanging tembung kawi isih digunakake ingadicara tartamtu. Tuladhane kaya dhalang-dhalang, adicara temu manten lan liya liyane. Bisa wae panulis nduweni pamanggih yen nggunakake tembung kawi bisa ndadekake apa kang ditulis dadi luwih endah. Amarga panulis isih mitigatekake babagan rumpakan basa, basa

rinenga adhedhasar paramasastra kang gathok. Tuladhané bisa dideleng kaya pethilan ing ngisor iki.

*..Sedaya wau kairid priyagung wadana ingkang caos wonten ing Srimanganti. Lajeng kadhwuhan nglebetaken ing glodhog lampahipun mawi kasongsongan. Ingkang ngampil tiyang baunipun prikanca ngajeng ingkang sami ndherek pasisiran. Lampah-lampahing margi-margi sipeng wonten nggriyanipun Pangageng. Wondene patrap tumanjanipun kados ing ngandhap punika.* (SRSW:6)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake ana saperangan tembung kawi kang digunakake ing naskah. Kayata tembung kairid, wadana, caos lsp. Tembung kasbut lumrahe ana saperangan cilik kang isih digunakake ing jaman saiki. Kanthi nggunakake tembung kawi kuwi ndadekake luwih endah, senajan ora kabeh wong bisa mangertené tegese tembung kawi mau. Ewasemono kanthi pambiyantu saka kamus lan paramasastra Jawa tembung-tembung kasebut isih bisa digoleki tegese.

#### 4.1.5 Isine Naskah

Perangan wiwitinan naskah ngandharake pembukaning naskah kang isine nuduhake irah-irahaning naskah, dhaptar isi naskah, banjur ngandharake isine naskah kanthi cara umum. Isine Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma iki ngenani lakone para nayaka nalika diututs dening Kanjeng Sinuhunan Pakubuwana kang golek pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma. Ing kene uga diandharakeapa wae kang dadi prabot ing ubarampe kang ditindhakake dening para nayaka.

Diwiwiti nalika Sri Bathara Kresna piter pujagayuh dhateng kamuksan, mangertené yen bakal tuwu pusaka ing pulo Bandung kang aran Sekar Wijayakusuma. Mangertené pawarta ngenani pusaka Sekar Wijayakusuma Raden Pancadriya nyuwun pamit dhateng rama Prabu Citrasoma, kangnata binathara ing Pengging Witaraja. Sinuhun Kanjeng Sinuhunan Paku buwana uga ngupados pusaka kasebut. Sri Bathara Kresna piter pujagayuh dhateng kamuksan, lan mangertené bakal tuwu pusaka kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

*Nalika para Pandhawa,saha Sri Bathara Kresna piter pujagayuh dhateng kamuksan. Sri Bathara Kresna tarosan kaliyan ingkang rayi Prabu Yudhistira, manawi pusaka sekar wijayakusuma badhe kalabuh ing saganten, supados dados pusaka ing wuri-wuri. (SRSW Kaca 1)*

Saka pethikan kasebut bisa dingertené yen Sri Bathara Kresna nalika gayuh kamuksan dheweke matur marang Prabu Yudhistira yen bakal tuwu sawijine pusaka ing segara. Ing segara kasebut ana sawijine Pulo yaiku Pulo Bandung Nusakambangan kabupaten Cilacap Jawa Tengah. Sawise kuwi Sinuhun Kanjeng Sinuhunan Paku buwana X uga ngupados pusaka kasebut ngutus para nayakane kanggo golek pusaka kasebut. Raden adhipati kang mimpin para nayaka mbaik mengarep uga nyuwun

lilan marang Kanjeng Sinuhunan Pakubuwana. Supaya enggal bisa budhal menyang panggonan kang arep dituju.

#### Suntingan Teks

Panlitén kanthi objek naskah utawa manuskrip nduweni pamanggih yen suntingan teks minangka perangan kang wigati banget ing jagade filologi. Saka suntingan pamaca bisa ngertené panulisan kang bener gathuk karo paramasastra Jawa lan baoesastra Jawa. Nalika kita bakal nliti nduweni wenang kanggo nambahi, ngurangi, lan mbenerake jalaran panulis naskah kalamangsa ana kurang luwihe anggone nulis. Perkara kasebut merga panulis kesel, ngantuk, uga bisa pancen kadiwasane lan kawasisane panulis kang kurang. Mula ing sub bab iki ngandharake bab suntingan naskah.

#### 4.2.1 Landhesan Suntingan Teks

Suntingan kudu mawa lelandhesan kang cundhuk karo pranatan kang gumathok. Jalaran ana sawijining teks kang disunting iku merga ana kurang luwihe anggone nulis. Luwih-luwih kuwi mujudake tulisan tangan. Dhasare kaya kang kaandharake ing sub bab sadurunge, nanging manut ilmu filologi panulise tembung-tembung ing naskah kasebut isih kalebu subtansial senajan yen digathukake karo KBBJ saiki panulise kasebut wis beda. Kanthi nggunakake paramasastra Jawa lan bausastra Jawa perkara kang luput kuwi bisa dibenerake, supaya pamaca bisa luwih gampang lan cetha nalika ngertené isi saka naskah kasebut.

Gayut karo perkara tandha utawa tenger kang digunakake ing naskah Sekar Wijayakusuma iki, mula sajrone suntingan teks utawa kritik teks uga nggunakake tandha-tandha kanggo nengeri teks-teks kang disunting. Tuladha kaya ing ngisor iki:

- (1) Aksara murda digunakake miwiti ukara lan jeneng.
- (2) Tandha-tandha kang digunakake ing suntingan teks iki:

- a. (...) digunakake kanggo mbeneri tembung kang ora gathuk karo pranatan kang wis ana.
- b. Tandha garis ngisor \_\_\_\_\_ digunakake kanggo tembung kang bakal diwenehi komentar
- c. Tandha ? ? digunakake kanggo tembung kang kurang dingertené teges lan makna.

#### 4.2.2 Asiling Suntingan Teks

Asiling trasnliterasi saka aksara Jawa menyang aksara latin sajrone naskah Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma kasebut bakal disunting adhedhasar perangan kaca kang ana sajrone naskah. Perangan kang disunting kasebut dianggep bisa makili isine naskah Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma utawa klebu perangan kang akeh nyimpange saka paugeran lan beda kaya apa kang ana sajrone kamus. Andharan asiling suntingan teks bisa dideleng ing ngisor iki.

Tumuwuuh wonten ing samodra pulo Bandung, asalipun saking paparingipun Resi Sugata, Padmanaba, dhateng Sri Bathara Kresna, (kasbut) serat Pustaka Rajapurwa, nalika taun surya-sangkala 692, taun candra sangkala 713. Nalika para Pandhawa,saha Sri Bathara Kresna piter puja (layuh) dhateng kamuksan. Sri Bathara Kresna tarosan kaliyan ingkang rayi Prabu Yudhistira, manawi pusaka sekar wijayakusuma badhe kalabuh ing saganten, supados dados pusaka ing wuri-wuri. Prabu

Yudhistira nayogyani, (kasbut) serat Pustaka Rajapurwa nalika taun surya sangkala 730, taun candra sangkala

Angka	Namaning Sinjang	Iji	Kajun
1.	Cindhe wungu		1
2.	Cindhe Kuning	1	
3.	Limar Wungu (Wiya)	2	
4.	Plangi Ijem	2	
5.	Bangun Tulak Ciyut Mawi	2	
6.	Tepi	2	
7.	Limar Ciyut	2	
8.	Ciyut Gadhung Mlati Tepi	2	
9.	Alas Kobong	2	
10.	Sekar Panganten Anyar Pandhan Binethot Tanpa Tepi	2	

761. Kalampahan kalabuh, lajeng tuwuh wonten ing samodra.(SRSW: Kaca 1)

Awit ingkang angsal sekar jayakusuma kasbut serat Pustaka Raja (purawa), nalika taun surya sangkala 900, taun candra sangkala 927. Prabu Hajipamasa nyirnakaken Resi Kanwa, lajeng badhe nguningan (patilasanipun) Resi Kanwa. Wasana kepettoh naga ageng kabina-bina. Lajeng jinemparing, babar dados widadari nama Dewi Basuwati, paring panariman dhateng Prabu Hajipamasa. Wusana pinaringan sekar jayakusuma. Pangandikanipun methik saking uwit (tumuuhhipun) sekar jayakusuma kagunganipun Sri Bathara Kresna, Manawi pinetri ageng sawabipun. Dados sarana lestari jumenengipun nata binathara. (SRSW: Kaca 1)

(Awitipun) ingkang ngupados, kasbut ing serat Purwanyana, salebetipun serat Pustaka Rajapuwaro, amarengi ing taun surya sengkala 933, taun candra sangkala 961 nalika (gaden) Pancadriya nyuwun pamit ingkang rama Prabu (Citrapoma), nata binathara ing Pengging Witaradya, kalilana badhe anyektosaken misuwuring pawertos manawi ingkang paman Prabu Citrasena ing Banten, badhe ambalela sampun pacak baris wonten ing kitha Pakuwan. (Pamitipun) kalilan , lajeng pangkat, namung kadherekaken (ulungalang) kakalih sampun miyat kaliyan (humulad), Sadumuginipun tlatah Pakuwan katurunan Sang Hyang Narada, ndhawuhaken dhawuhipun Sang Hyang Guru, Raden Pancadriya ing ngandikakaken ngupados sekar jayakusuma dhateng pulo karang Bandhung, supados lestari panjenengan nata binathara, lajeng kaestokaken, kalampahan saged angsal. Salajenganipun Raden Pancadriya wau aggentosi kapraboning jumeneng nata binathara ing Pengging Witaradya. (SRSW: Kaca 2)

Sareng ingkang Sinuhun Prabu Hamngkurat amral jumeneng nata, namun radi Rangu-rangu, mila ngupados kandeling penggalih, lajeng (ngupados) sekar Jayakusuma.

-Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Mangkuratmas.  
-Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Paku Buwana Kapisan. (SRSW: Kaca 3)

Dhateng Donan pulo Bandung (Calacap), kautus mundhut kalanganan-dalem sekar Wijayakusuma. Ingkang kaleres gadhah lampah (abwi) dalem Kaliwon

Suranata kanthi rerejanipun jajar nem iji utawa utawa Ketib, Modin, Kabayan, Marbot patang iji, abdi dalem panewu Mantri ngajeng telung iji, bau gladhak telung iji, mangagge sami prajuritan. Badhe mangkat kirang sadinten sowan ing kepatihan, nyuwun (wumadhong) dhawuh saha nyuwun lilan. Saunduripun saking sowan kaparingan ampiran seratipun kanjeng Raden Adipati, paring uninga saha mitadosaken dhumateng Raden Adipati ing Toyamas ing enjingipun sampun sowan mlebet, nyuwun lilah dalem badhe (badhal). Pisowanipun njujug pisowanen ing Srimanganti kilen. Lajeng kairid lumebet dening Kyai Tumenggung ingkang tampi. Dumugi ngarsa-dalem sami kalilan ngabekti. Dhawuh-dalem maringi pangestu saha kalilan lajeng bidhal. Wondening paring dalem ingkang kaampil minangka wisarat kados ing ngandap punika. (SRSW: Kaca 2)

Sedaya wau (kairit) priyagung wadana ingkang caos wonten ing Srimanganti. Lajeng kadhawuhan nglebetaken ing glodhog lampahipun mawi kasongsongan. Ingkang ngampil tiyang baunipun prikanca ngajeng ingkang sami ndherek pasisiran. Lampah-lampahing margi-margi sipeng wonten nggriyanipun Pangageng. Wondene patrap tumanjanipun kados ing ngandhap punika. Sareng dumugi ing Toyamas, ingkang(kajujuk) rumiyin griyanipun juru kunci Gumelem. Sadhatengipun lajeng amaringaken paring dalem yatra kathahipun 100 rupiah dhumateng (pradakan) juru kunci, tanpa (wranad) kadamel mumule Kyai Ageng Giri ingkang sumare ing Gumelem. (SRSW: Kaca 4)

Sawatawus sarampungipun mumule, sajarah ing Pasareyan, Lajeng bidhal (wumateng) Kabupaten Toyamas. Pradikan Juru kunci ndherekaken, Sadatengipun Kabupaten lajeng para utusan tuwin para ngampil wau dhumateng Raden Bupati Toyamas. Nyipeng kalih dalu lajeng bidhal dhumateng saganten pasisir Cilacap kakanthen juru kunci Toyamas satunggal. Pradikan ing Gumelem nunggil sabaita. Saunduripun utusan dalem dumugi Cilacap lajeng maringaken paring dalem dhumateng juru kunci Cilacap kathahipun 250 rupiah, (tupanja) waragad mumule para Nabi para Wali utawi leluhur dalem saking putri ingkang sumare ing Tanah Jawi saha kangge nyudhiyani inggahanipun dhumateng pulo Bandung. (SRSW: Kaca 5)

Sarampungipun mumule lajeng sami sejarah, nepi dhateng panggenan ingkang dados (pitedahipun) juru kunci Cilacap. Ingkang rumiyin kapurih nanepi dhateng (masjad) Sela. Lampahipun sami numpak baita awit masjid Sela wau nglangkungi saganten anakan. Wonten ing margi tuwin wonre masjid mawi nyawuraken arta. Bidhalipun saking Clacap wanci jam 6 enjing, jam 4 sonten dumugi(ning) panggenan. Wonten ing masjid Sela sipeng sadalu, mangangge cara Jawi kemawon. Enjingipun lajeng wangsul. Sanes dinten sajarah nenepi malih dhateng pasareyan Kyai ageng Majala. (SRSW: Kaca 6)

Ingkang kaleres ngampil taksih Kaliwon (jurung) Suranata. Dumugi ing nglebet Sampeyan dalem ingkang Sinuhun kajeng Susuhunan sampun lengkah ing Sasana parasdy. Abdi dalem Kaliwon juru Suranata lajeng ngunjukaken saparunipun, konjuk ing sahandhap

(samseyan) dalem . Sowanipun ngantos sawantawis. Dhawuh timbal lan dalem kalilan mundur. (Labonabon) dhateng donan mundhut sekar Wijayakusuma: warni sinjang gadhung mlati tepen 2 iji, nyamping limar wiyar 1 iji, nyamping cindhe ageng 2 iji, udet mandala giri 1 iji, sinjng sekaran banguntulak tepen 2 iji, sinjang alas kobong 2 iji, sinjang sekaran pandan bineto 2 iji, lisan wangi sapepakipun, klapa satabonipun 2 iji, memyan cacahé 10 bungkus. (SRSW: Kaca 7)

#### 4.2.3 Aparat Kritik

Aparat kritik tujuwane kanggo ngertení wujude teks kang luput lan bener, kang adhedhasar makna kang kinandhut sajrone teks. Nalika nengeri teks kang ana sajrone naskah lan asil suntingan teks sajrone aparat kritik, bakal nggunakake kangkatan supaya luwih ringkes. Kangkatan kasebut kaya mangkene,

Naskah (N) : Tembung kang ana sajrone naskah  
Suntingan (S) : Asiling suntingan teks saka sajrone naskah

Gatra : Gatra kang ana sajrone naskah

Kaca	N	S
1	Kasbut	Kasebut (gatra : 2)
	Layuh	Gayuh ( gatra : 4)
	Purawa	Purwa (gatra : 15)
2	Gaden	Raden (gatra : 2)
	Citrapoma	Citrasoma (gatra : 3)
	Ulungalang	Ulubalang (gatra : 8)
	Humulad	Tumulad (gatra : 9)
3	Kajeng	Kanjeng (gatra :17)
	Calacap	Cilacap (gatra : 27)
	Abwi	Abdi (gatra : 30)
	Wumadhong	Cumadhong(gatra :34)
	Badhal	Bidhal (gatra :4 )
	Wiya	Wiyar (gatra : 13)
	Kairit	Kairid (gatra : 22)
	Kajujuk	Kajujug (gatra : 29)
	Pradakan	Pradikan ( gatra :32)
	Wranag	Wragad (gatra:32)
5	Sawatawus	Sawatawis (gatra: 1)
	Wumateng	Dhumateng ( gatra:2)
	Tupanja	Tumanja (gatra: 10)
6	Masjad	Masjid (gatra: 14)
	Ning	Neng (gatra: 20)
7	Jurung	Juru (gatra : 2)
	Samseyan	Sampeyan (gatra: 8)
	Labonabon	Abonabon (gatra: 17)

#### 4.2.3 Komentar

Komentar yaiku andharan kang diwenehake tumrap asile suntingan teks. Komentar mujudake sakabehane adharan kang argumentatif saka aparat kritik. Komentar iki nduweni sifat fungsional, amarga nduweni fungsi kang wigati sajrone teks. Ing panliten iki ora kabeh tembung kang diwenehi komentar, amarga namung tembung-tembung kang narik kawigaten bakal diwenehi komentar. Kayata tembung kang ora trep panulisane kaya ing kamus bausastra Jawa lan rengrengan kasusastran Jawa, uga tembung kang salah panulisane. Ewadene

komentar saka asile suntingan teks kuwi kaya ing ngisor iki:

- 1) Tembung “kasbut” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi kasebut, amarga luwih bener lan trep. Tembung kasebut nduweni teges disebutake utawa andharan kang wis diandharake sadurunge.
- 2) Tembung “layuh” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi gayuh, amarga luwih bener lan trep. Tembung gayuh nduweni teges ngranggeh apa-apa kang dikarepake.
- 3) Tembung “purawa” dipilih suntingan lan diowahi dadi purwa amarga luwih gathuk yen digayutake karo tembung sadurunge yaiku “pustaka raja”. Pustaka raja purwa yaiku kumpulan carita kang dadi lelandhesan para dhalang. Kumpulan carita kuwi ditulisdening pujangga Raden Ngabehi Ranggawarsita.
- 4) Tembung “gaden” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi raden , amarga luwih bener lan trep. Tembung raden nduweni teges sebutane para darahing ratu.
- 5) Tembung “ citrapoma” dipilih suntingan lan diowahi dadi citrasoma amarga luwih gathuk yen digayutake karo tembung sadurunge yaiku prabu. Prabu citrasoma yaiku raja kang mimpin Praja Pengging,praja kasebut ana ing Boyolali Jawa Tengah.
- 6) Tembung “ulungalang” dipilih suntingan lan diganti dadi ulubalang amarga luwih bener lan trep. Tembung ulubalang nduweni teges pangereping prajurit (senapati).
- 7) Tembung “humulat” ora nduweni tembung lingga kang njalari ora ditemokake ing kamus bausastra mula diowahi dadi tembung tumulad, amarga luwih bener lan trep. Tembung tumulad asale saka tembung lingga tulad kang oleh seselan (-um-), kang nduweni teges tuladha.
- 8) Tembung “kajeng” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi kangjeng, amargaluwih bener lan trep. Tembung kangjeng nduweni teges sesebutaning para priyayi luhur
- 9) Tembung “calacap” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi cilacap, amarga luwih bener lan trep. Tembung cilacap nduweni teges arane sawijine dhaerah ing Jawa Tengah.
- 10)Tembung “abwi” dipilih suntingan lan diowahi dadi abdi amarga luwih gathuk yen digayutake karo tembung sabanjure yaiku dalem. Abdi dalem nduweni teges yaiku priyayi abdining ratu.
- 11)Tembung “wumadhong” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi cumadhong, amarga luwih bener lan trep. Tembung cumadhong asale saka tembung lingga cadhong kang oleh seselan (-um-) kang nduweni teges mbalik mengarep neng naskah iki tembung kasebut digunakake kanggo nyuwun dhawuh lan nyuwun palilah.
- 12)Tembung “badhal” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi bidhal, amarga luwih bener lan trep. Tembung bidhal padha karo budhal kang nduweni teges mangkat saka sawijine panggonan.
- 13)Tembung “wiya” dipilih suntingan lan diowahi dadi wiyar amarga luwih gathuk yen digayutake

karo tembung sadurunge yaiku Limar wungu. Limar wungu wiyar nduweni teges sawijinen tenunan kang wernane abang campur biru lan nduweni ukuran kang amba. Limar kuwi dadi salah sawijine wisarat dinggo njupuk pusaka Sekar Wijayakusuma.

kancane sing banci loro kuwi mau, dheweke uga 14) Tembung “kairit” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi kairid, amarga luwih bener lan trep. Tembung cumadhang asale saka tembung lingga irid kang ater-ater (ka-) kang nduweni teges digered karo mlaku utawa diterake menyang.

15) Tembung “kajujuk” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi kajujug, amarga luwih bener lan trep. Tembung cumadhang asale saka tembung lingga jujug kang ater-ater (ka-) kang nduweni teges papan kang diener.

16) Tembung “pradakan” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi pradikan, Amarga luwih bener lan trep. Tembung pradikan nduweni teges tanah kang ora dikenakake pajeg.

17) Tembung “wranad” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi wragad amarga luwih bener lan trep. Tembung wragad nduweni teges dhuwit kang dianggo srana nindakake samubaran.

18) Tembung “wumateng” dipilih suntingan lan diowahi dadi dhumateng amargaluhu gathuk yen digayutake karo tembung sadurunge yaiku bidhal. Tembung dhumateng nduweni teges menyang sawijine panggonan.

19) Tembung “tupanja” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi tumanja, amarga luwih bener lan trep. Tembung tumanja asale saka tembung lingga tanja kang oleh seselan (-um-) kang nduweni teges kanggo.

20) Tembung “masjad” dipilih suntingan lan diganti dadi masjid amarga luwih bener lan trep. Tembung masjid nduweni teges omah kang dianggo sembayang (tumrape wong Islam).

21) Tembung “ning” dianggep kurang bener, mula diowahi dadi neng, amarga luwih bener lan trep. Tembung wragad neng teges ana ing utawa menyang.

22) Tembung “jurung” dipilih suntingan lan diowahi dadi dhumateng amarga luwih gathuk yen digayutake karo tembung sawise yaiku kunci. Tembung juru nduweni teges wong kang nindakake pakaryan (abdi dalem).

23) Tembung “samseyan” dipilih suntingan lan diowahi dadi sampeyan amarga luwih gathuk yen digayutake karo tembung sabanjure yaiku dalem. Tembung sampeyan dalem nduweni teges kanggo sesebutane panjenengane nata.

24) Tembung “labonaben” dianggep kurang bener, Mula diowahi dadi abonabon, amarga luwih bener lan trep. Tembung abonabon nduweniteges nyepakake saperangan prabot kanggo slametan (ubarampe).

### **Laku Ngudi Pusaka sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma**

Kasusastran kang apik nduweni isi kang ngandhut kawruh, piwulang, patuladhan lan kaendahan. Fungsi saka kasusastran kang kaya mau mujudake yen

mujudake yen kasusastran ing jaman mbiyen dadi sarana kang utama, kanggo nyebarake kawruh lan piwulangan. Kasusastran mujudake guru kang ora waton, mula piwulangan kang diandharake lumantar kasusastran bisa dadi gantine guru kang mulangake dening muride. Kaya ing serat iki uga ngandhut ngenani piwulang. Serat Sekar Riwayat Wijayakusuma iki ngandhut piwulangan ngenani laku para nayaka nalika diutus dening Kanjeng Sinuhun Pakubuwana kanggo golek pusaka.

Saka serat iki kita bisa mangerten kepriye laku kang dialami dening para nayaka nalika netepi jejibahan saka Raja. Diarani para nayaka amarga ora mung siji nayakakang netepi jejibahan kasebut. Para nayaka kasebut yaiku Modin, Kabayan, Marbot patang iji, abdi dalem Panewu, mantra ngajeng telung iji lan Bau gladak telung iji. Laku iki diwiwiti saka Toyamas. Para nayaka kasebut mangkat arep sowan menyang Srimanganti kilen. Dening prajagung wadana diutus maringake agem-ageman menyang Dalepih. Isuk-isuk budhal menyang Dalepih. Kaderekaken nayaka Mangkunegaran kalih. Dumugi Dalepih njujug omahe juru kunci. Saliyane Dalepih ana maneh panggonan kang diujug dening para nayaka kayata Seganten Kidul, Hardi Mrapi, Hardi Lawu. Ana ing saperangan panggon kasebut para nayakanindakake saperangan laku kayata: memule, nenepi, sawur arta lan matrapaken busana. Luwih cethane bakal kaandharake ing ngisor iki.

#### **4.3.1 Memule**

Sajrone Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma ngandharake ngenni ingkang Sinuhun Kanjeng Paku Buwana kang ngutus para nayaka golek pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma. Kanggo netepi jejibahan kasebut para nayaka nindakake saperangan laku kang diwiwiti saka memule. Ana rong makna kang ana sajrone tembung memule, kang sepisanan yaiku tuwuhe rasa eling marang pawongan kang wis seda, kang kaloro yaiku tuwuhe rasa pakurmatan lan rasa tresna marang pawongan kasebut. Kanggo mujudake rasa-rasa kasebut kita bisa donga marang Gusti supaya rasa-rasa kasebut bisa sampe marang pawongan kasebut (leluhur).

Laku memule iki diwiwiti nalika para nayakabudhal saka Donan pulo Bandung Nusakambangan kabupaten Cilacap menyang Toyamas. Nalika wis tekan ing Toyamas para nayaka kasebutnindakake laku memule. Miturut Poerwadarminta (2001: 581) tembung Memule nduweni teges ngurmati para leluhur sarana slametan. Para leluhur iku pawongan kang wis seda nanging pawongan kasebut nduweni daya pangaribawa tumrap dhaerah kasebut. Saben panggonan nduweni leluhur kang beda. Ana saperangan panggonkang ditekani dening para nayakakanggo nindakake laku memule kasebut. Kanggo luwih cethane kaandharake ing ngisor iki:

a) Nalika ing Toyamas

Panggon kang sepisanan diujug dening para nayaka yaiku ing Toyamas, para nayaka menehi arta kang cacahe 100 rupiah minangka wragad kangge memule Kyai Ageng Giring ingkang sumare ing Gumelem. Salah sawijine turunan Prabu Brawijaya IV saka Retna Mundri. Mula Kyai Ageng Giring dadi pawongan kang dikurmati ing dhaerah kasebut. Memule Kyai Ageng Giring

ditindakake ing dhaerah Bukit Girilangan jeneng bukit kasebut saka cerita kang ana ing masyarakat. Diarani bukit Girilangan amarga ing bukit kasebut dadi panggonan Kyai Ageng Giring ilang saka tandhu nalika arep dikubur, mula kang dikubur kuwi mung tandhune ateges wis ora ana jasade. Sawise saka pesareyan bukit Girilangan para nayaka menehi arta marang juru kunci Cilacap kang cacahe 250 rupiah, minangka wragad kangge memule para Nabi lan para Wali utawa leluhur dalem saking putri ingkang sumare ing Tanah Jawa saha kangge nyudiyani inggahipun dhumateng Pulo Bandung. Memule Nabi lan para Wali nduweni tujuwan kanggo nuduhake rasa pakurmatan lan rasa panuwun amarga sampun nyebarake agama Islam neng tanah Jawa. Memule ing Toyamas kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

Bareng dumugi ing Toyamas, ingkang kajujug rumiyin griyanipun juru kunci Gumelem. Saderengipun lajeng maringaken paring dalem yatra kathahipun 100 rupiah dhumateng pradikan juru kunci, tanpa waragad kadamel **mumule** Kyai Ageng Giri ingkang sumare ing Gumelem. Sawatawus sarampungipun mumule, sajarah ing Pasareyan, Lajeng budhal dhumateng Kabupaten Toyamas. Pradikan Juru kunci ndherekaken, Sadarengipun Kabupaten lajeng para utusan tuwin para ngampil wau dhumateng Radhen Bupati Toyamas. Saunduripun utusan dalem dumugi Cilacap lajeng maringaken paring dalem dhumateng juru kunci Cilacap kathahipun 250 rupiah, tumanja waragad mumule para Nabi para Wali utawi leluhur dalem saking putri ingkang sumare ing Tanah Jawi saha kangge nyudiyani ingganipun dhumateng pulo Bandhung. (SRSW:Kaca 4)

Memule ing Toyamas mliline ing dhaerah Gumelem dadi panggonankang wiwitan sajrone laku memule para nayaka. Ngurmati leluhur kang ana ing Gumelem kanthi wujud memule. Tujuwan saka memule iki kajaba ngurmati uga nyuwun idin marang leluhur ing Gumelem yaiku Kyai Ageng Giri ingkang sumare ing Gumelem. Tata karma kang diduwensi bebrayan Jawa ndadekake laku iki kudu dilakoni dening para nayaka. Amarga nyuwun idin marang pawongan kang bau reksa ing panggon kasebut dadi bab kang wigati. Tata krama iki isih ana ing bebrayan Jawa. Lumrahe menawa arep melbu neng omahe wong liya kudu nyuwun idin neng agama Islam bisa awujud ngaturake salam.

#### 4.3.2 Nenepi

Laku kang kaloro sajrone sajrone Sekar Wijayakusuma yaiku Nenepi. Para nayaka kang nduweni kkarepan tartamtu kang bakal nindakake nenepi, amarga ora kabeh pawongan bisa nindakake laku kasebut. Miturut Poerwadarminta (2001: 636) tembung nenepi nduweni teges menyang panggonan kang sepi kanggo

nglakoni tapa (semehdi). Ora kabeh panggonan bisa dadi panggonan kanggo nenepi, namng panggonan kang nduweni daya mistis kang bisa dianggo nenepi kayata: gunung, gua, masjid, makame para wali lan liya-liyane. Luwih cethane kaandharake ing ngisor iki.

##### a) Masjid Sela

Panggonan kang dianggo dening para nayaka nalika ing Pulo Bandung, Nusakambangan Cilacap Jawa Tengah yaiku Masjid Sela. Panggonan kang dituduhake dening juru kunci ing Cilacap. Masjid kalebu panggon kang nduweni daya mligine daya ngenani agama Islam. Gathuk karo teges kang ana ing kamus bausastra tembung masjid yaiku nduweni teges omah kang dianggo sembayang (mligine kanggo wong Islam). Ing masjid Sela kasebut ana prasasti kang ditulis dening Kanjeng Sinuhun Pakubuwana. Kang ndadekakemasjid kasebut dadi panggonan ziarah. Mula ws ora bisa dadi panggon nenepi merga wis ora sepi maneh (sabendina ana pawongan kang nekan masjid kasebut). Beda karo jaman biyen kahanan ing masjid kuwi isih sepi ateges jarang ana pawongan yen ora wektune sembahyang. Dadi yen ana wong kang pengen semedhi neng masjid kasebut bisa kanthi anteng lan bisa madhep nyuwun marang Gusti Allah apa kang dikarepake bisa kawujud. Nenepi ing Masjid Sela kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

Sarampungipun mumule lajeng sami sejarah, **nenepi** dhateng panggenan ingkang dados pitedahipun juru kunci Clacap. Ingkan rumiyin kapurih nanepi dhateng masjid Sela. Lampahipun sami numpak baita awit masjid Sela wau nglangkungi saganten anakan.(SRSW: kaca 5)

Nenepi ing Masjid Sela dadi panggonan wiwitan sajrone laku para nayaka. Sawise nenepi ing Masjid Sela para nayaka nerusake laku menyang panggonan sabanjure yaiku Pesareyan. Panggonan sabanjure iki para nayaka uga nindakake nenepi.

##### 4.3.3 Sawur

Laku kang katelu sajrone Sekar Wijayakusuma iki yaiku sawur. Miturut Miturut Poerwadarminta (2001: 932) tembung sawur nduweni teges dhuwit karo beras kang disebar-sebar ing ngarepe layon kang digawa menyang kuburan. Ing Serat Sekar Wijayakusuma iki diandharake yen para nayakanindakake sawur. Laku kasebut ditindakake sawise nenepi. Nyawuraken arta ditindakake dening para nayaka ing saperangan panggonan. Arta kang dianggo sawur ora kabeh diandharake pira cacahe. Kanggo luwih cethane bakal kaandharake ing ngisor iki.

##### a) Sawur neng Masjid

Para nayakanindakake sawur ing Masjid Sela kang ana ing Donan pulo Bandung, kabupaten Cilacap Jawa Tengah. Para nayaka nggawa dhuwit kang kacampur karo beras kuning lan disebar-sebarake ing dalam nuju Masjid Sela. Ateges sadawane dalam nganti tekan masjid kang dituju nindakake sawur. Lampahan iki bisa wae diarani sedekah yaiku aweh dana marang wong kang kacingkrangan. Bisa uga ateges maringake saperangan bandha donya kang diduwensi mligine arupa

dhuwit. Ngengingi cacahe arta kang dianggo sawur ora diandharake., namung diandharake dhaerah Cilacap kang dadi panggon sawur. Laku sawur kangditindakake dening para nayaka kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

Lampahipun sami numpak baita awit masjid Sela wau nglangkungi saganten anakan.Wonten ing margi tuwin wonte masjid mawi **nyawuraken arta**. Bidhalipun saking Clacap wanci jam 6 enjing, jam 4 sonten dumugening panggenan. (SRSW: Kaca 4)

Nyawuraken arta ing Masjid Sela dadi paggonan wiwitan sajrine laku para nayaka. Nyawuraken arta ing Masjid Sela nuduhake yen para nayaka manut kapitayan Islam yen Masjid kalebu panggon kang nduwensi daya, mligine daya ngengingi agama Islam. Gathuk karo teges kang ana ing kamus bausastra tembung masjid yaiku nduwensi teges omah kang dianggo sembayang (mligine kanggo wong Islam). Tujuwan nyawuraken arta ing Masjid Sela iki yaiku wujud rasa syukur marang Gusti Allah sampun paring rejeki arupa bandha donya lan kawarasan uga bisa dadi donga marang Gusti Allah supaya digampangake kekarepane.

#### 4.3.4 Matrapaken Agem-ageman

Laku kang pungkasna para nayaka nalika golek pusaka Sekar Wijayakusuma yaiku matrapaken agem-agem utawa nganggo apa wau kang dadi prabot sajrone ubarampe. Ana saperangan ubarampe kang kudu dicepakake dening para nayaka. Ing saben panggonan uga nduwensi ubarampe kang beda. Ubarampe-ubarampe kasebut banjur diagem dening para nayaka miturut pitiduh saka juru kunci. Miturut teges kang ana ing kamus bausastra ubarampe nduwensi teges panganan lan lelawuhan kang diaturaе marang dhedhuwuran ing nalika duwe gawe utawa apap-apa kang kalebu prabot ing sawijineadicara utawa slametan. Laku matrapaken agem-ageman iki dadi bab kang wigati bangetamarga dadi panutup sajrone laku para nayaka netepi jejibahan yaiku golek pusaka Sekar Wijayakusuma. Ateges yen patang laku iki wis ditindakake dening para nayaka, bakal bisa ngolehake pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma. Laku matrapaken agem-ageman iki kaperang dadi papat yaiku diagem dening para nayaka, dilabuh, diaturaje marang Sinuhun Paku Buwana lan kang pungkisan diaturaje marang juru kunci Hardi Mrapi. Kanggo luwih cethane kaandharake ing ngisor iki.

##### a) Diagem dening Para Nayaka

Para nayakangkokake matrapaken agem-ageman ing Pulo Bandung kabupaten Cilacap Jawa Tengah. Nalika para nayaka tekan panggonan kasebut ana sawijine juru kunci kang menehi maneka werna ubarampe. Ubarampe kasebut arupa cindhe satunggal wayuh utawi limar wungu wiyar katapi, kang kasebut ing nginggil tuwin sinjang pandhan binetot uga ktep. Banjur para nayaka ngagem sedaya kang dadi ubarampe pitiduh saka juru kunci mau. Amarga sedaya agem-ageman mau mesthine wis katamtokake dening juru kunci, dadi wis ora bisa diowahi. Para nayaka mung bisa manut karo apa kang dituduhake dening juru kunci. Sawise ngagem sedaya gem-ageman mau banjur mbesmi dupa kang dadi

pratanda yen sedaya para nayaka sampun matrapaken agem-ageman kang sampun disediyan. Matrapaken agem-agemaning Pulo Bandung kabupaten Cilacap Jawa Tengah kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

Dumuginipun pulo Bandung kinten jam 8 utawi jam 9 siyang. Juru kunci Clacap lajeng **matrapaken agem-ageman** cindhe satunggal wayuh utawi limar wungu wiyar katapi, kang kasbut ing nginggil tuwin sinjang pandn binetot uga ktep, lajeng kaagem uwit sekar wijayakusuma punapa dene lisah-lisah ugi kaagemaken. Juru kunci lajeng ngaturaken saparlunipun saha juru kunci mawi mbesmi dhupa utawi ratus saha sami ratiban. Salajengipun kalangenan dalem sekar wijayakusuma lajeng katingal, lajeng kapethik, dening utusan dalem Kaliwon Suranata. (SRSW: kaca5)

Bisa dingerten yen pethikan kang sepisanan nuduhake laku matrapaken agem-ageman ing Pulo Bandung kabupaten Cilacap Jawa Tengah. Sedaya agem-ageman wau banjur diagem dening para nayaka. Laku iki nuduhake anane rasa panuwun saka Kanjeng Sinuhun Pakubuwana marang para nayaka amarga sampun netepi jejibahan golek pusaka kang aran Sekar Wijayakusuma.

##### 4.3.4.1 Simbol Sajrone ubarampe (sajen)

Dene trap-trapan ubarampe kang dianggo ing dhuwur nduwensi makna tartamtu. Kaya apa kang diandharake dening James P Spardley kang ana ing (Sobur,2013:113) Sajrone studi kabudayan yen kabeh tumindhake manungsa mesthi nganggo lambing lan simbol. Sajrone budaya wong Jawa nduwensi pamawas miturut rong lelandhesan. Lelandhesan kapisan yaiku pamawas tumrap panguripan utawa filsafat urip religi lan mistis. Lelandhesan kaloro yaiku pamawas tumrap tumindhake manungsa kang etis lan mikul dhuwur nilai-nilai kang bisa dianggo tuntunan. Pamawas urip kang mesthi digayutake marang sakabehane samubarang karo Gusti kang nduwensi ipat mistis lan magis uga ngurmati para leluhur utawa daya-daya kang ora nampak dening pancadriyane manungsa.

Sabenadicara ing bebrayan Jawa mesthi nduwensi makna-makna tartamtu kang knandhut sajrone sajen (ubarampe) kang kudu disediyaning adicara kasebut manut karo paugeran kang wis ana. Paugeran kasebut tuwuhan lan ngrembaka kanthi turun-maturun. Ana maneka werna makna kang kinandhut sajrone simbol kang asale saka sajen (ubarampe) kang ana ing ndhuwur. Neng kene bakal diandharake ngengingi makna-makna saka saoerangan ubarampe kang disediyaning para nayaka.

##### 1) Sinjang Cindhe Wiyar

Miturut Poerwadarminta (2001: 962) sinjang nduwensi teges jarit kang amba asale saka kain sutra. Dadi bisa dingerten yen sinjang iki arupa jarit amba kang nduwensi werna abang kekembangan. Sinjang iki nggambareka apa kang dikarepake nemu dalam kang amba lan bisa ngrasakake seneng ayem tentrem uripe amarga wis bisa ngolehake apa kang dikarepake. Kaya

nalika seneng ngerteni gandha wagine kembang kang nentremake ati.

## 2) Sinjang Pandhan Surat

Miturut Poerwadarminta (2001: 770) tembung pandhan nduweni teges tetuwuhan witte saemper karo nanas. Dene tembung surat nduweni teges kang padha karo yang Miturut Poedarminta (2001:503) yaiku dluwang kang isine tulisan utawa pesen kang disampakake marang wng liya pesen kasebut bisa arupa pawarta. Mula bisa dingerteni yen sinjang iki nggambareke pusaka Sekar Wijayakusuma kang tuwu ing Pulo Bandung kang diweruhi dening Sri Bhatara Kresna banjur diceritakake marang Prabu Yudhistira. Supaya enggal disiyapake sapa-sapa wae nayakakang bisa diutus kango golek pusaka kasebut.

Dideleng saka andharan ing ndhuwur yen ubarampe kang dienggo sajrone ngudi pusaka Sekar Wijayakusuma ngandhut simbol kang ateges ubarampe kasebut nduweni makna tartamtu. Mula bisa dingerteni yen gancaran naskah kang isine ngudi pusaka uga ndgandhut kode kaya apa kango diandharake dening Teew. Kode budaya kang ana ing naskah iki yaiku nilai-nilai kapitayan nalika jaman semana para nayaka kasebut wis manut ajaran Islam nanging uga isih nyekel budaya kang ana nalika manut agama Hindu kayata nyepakake sajen nalika nindakake laku ngudi pusaka iki. Maneka jinis laku kang ditindakake dening para nayaka uga nuduhake yen laku kasebut ngandhut kode budaya. Tuladha jinis laku ngudi pusaka kang ngandut kode budaya ana ing naskah iki yaiku sawur.

Sawur neng Sapinggire Segara

Laku sawur uga ditindakake dening para nayaka neng sapinggaire Segara. Kang ndadekake para nayaka kudu numpak baita kango nindakake laku sawur kasebut. Mula para nayaka kudu luwih ngati-ati nalika sawur ing sapinggaire Segara. Saka pethikan kapisan lan kaloro nduweni bab kang beda lan padha. Bab kang padha yaiku padha-padha ora diandharake cacahé arta kang dianggo sawur. Banjur bab kang beda yaiku panggone yen ing pethikan kapisan ing dalan nuju Masjid Sela dene pethikan kaloro yaiku ing pinggire Segara lan uga ing panggon kasebut diutus ngagem saperangan sinjang yaiku sinjang sinjang lurik papat iji, sinjang sekaran telung iji, sinjang plangi siji iji. Pambeda kasebut manut karo paugeran kang ana ing saben panggonan. Bebrayan Jawa kang isih pitaya ngenani Ratu Segara Kidul bisa dadi pawadan para nayaka sawur ing Sapinggire segara lan diutus ngagem saperangan sinjang kasebut. Laku sawur kangditindakake dening para nayaka kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

Wondene prikanca ingkang kathah-kathah sami kendal wonten sapinggairing segara kemawon. Lampahipun numpak baita ageng wonten segara ujung tuwin mawi **anyawuraken arta** malih kacampuran uwos kuning, lajeng ngabuh sinjang lurik papat iji, sinjang sekaran telung iji, sinjang plangi siji iji. (SRSW: Kaca 6)

Neng pethikan kaloro para nayakanindakake sawur ing Sapinggire Segara para nayaka isih manut kapitayan Jawa yaiku isih pitaya yen kang bau reksa segara kidul yaiku Ratu Segara Kidul. Saka andharan kasebut bisa nuduhake yen para nayaka kasebut kalebu abangan. Yaiku pawongan kang nduweni kapitayan Islam nanging isih nindakake saperangan samubarang ing uripe kanthi cara Jawa (kang isih ngandhut unsur tradhisi Hindu, Budha, Animisme lan dinamisme). Gathuk karo apa kango diandharake dening Clifford Gerts yen bebrayan Jawa kaperang saka telung kategori yaiku Santri, Abangan lan Priyayi. Kaya apa kango wis tak andharake ing sadurunge yen laku iki padha karo sedekah yaiku ngewenehi saperangan artane marang wong liya. Iki ditindakake ora mung kanggo awake dhewe, nanging uga wong liya kang bisa ngrasakake sawise oleh saka sedhekah kasebut. Wong liya kang oleh sedekah bisa melu dedunga supaya apa kango dikarepake pawongan kang sedekah bisa kawujud. Lan nggampangake dalan nuju mujudake kekarepane kasebut.

### 4.3.4.2 Antropologi sajrone Laku Para Nayaka

Ratna (2011:73) njlentrehake yen antropologi sastra isih nduweni sesambungan karo tradhisi, adat-istiadat, mitos, lan prastawa-prastawa kabudayan. Bisa dingerteni cetha yen sajrone panguripane, manungsa ora bisa ucul saka kabudayan amarga sawijine budaya bakale kacipta saka sakabehe tindak tanduk kang dilakoni dening manungsa sajrone urip bebrayan. Laku kang ana sajrone Serat iki kalebu antropologi sastra amarga sakabehane laku kang dilakoni neng ken ora angger laku sakarepe dhewe, nanging nduweni paugeran-paugeran kango wis ditamtokake. Maneka paugeran-paugeran kasebut ngandhut tradhisi, adat-istiadat, mitos, lan prastawa-prastawa kabudayan. Tuladha laku kang ngandhut antropologi sastra kaandharake ing ngisor iki.

#### (a) Memule

Laku emule dianggep kalebu antropologi sastra amarga laku kasebut isih ngandhut tradhisi, adat-istiadat, mitos, lan prastawa-prastawa kabudayan. Gayut karo makna sajrone tembung memule senadyan ana rong makna, kang sepisanan yaiku tuwuhe rasa eling marang pawongan kang wis seda, kang kaloro yaiku tuwuhe rasa pakurmatan lan rasa tresna marang pawongan kasebut. Kanggo mujudake rasa-rasa kasebut kita bisa donga marang Gusti supaya rasa-rasa kasebut bisa sampe marang pawongan kasebut (leluhur). Miturut tradhisi lan adat-istiadat bebrayan Jawa ngurmati banget para leluhur senadyan leluhur kasebut wis seda. Lumrahe leluhur-leluhur kang kurmati banget yaiku pawongan kang nduweni daya pangaribawa tumrap bebrayan Jawa saiki. Ana saperangan panggon kang ditekani dening para nayaka kango nindakake laku memule kasebut. Kanggo luwih cethane kaandharake ing ngisor iki:

#### 1) Nalika ing Seganten Kidul

Panggon kang dianggo memule yaiku Kitha Ageng mligine ing Seganten Kidul. Nalika teka Kitha Ageng para nayaka nyipeng rong dalu, banjur nyawisi dhahar minangka wujud memule marang para leluhur ingkang sumare ing Kitha Ageng, tuwin sejarah ing Pesareyan. Aranae pesareyan kasebut yaiku Pesareyan Hastana Kitha Ageng . Pesareyan kasebut yaiku

pesareyan saka Praja Mataram Islam. Ing sisih kulon pesareyan iki ana Mesjid Agung Mstaram. Ana saperangan tokoh kang dikubur neng pesareyan kasebut kayata Ki Ageng Panemaan lan anakke panembahan Senapati. Sawise teka Pesareyan kasebut para nayaka banjur njujug dhateng Imagiri nyipeng sadalu. Imagiri dadi salah sawijine pesareyan para raja-raja ing Mataram kang diwangun dening Sultan Agung. Sultan Agung yaiku raja kang mimpin Kasultanan Mataram wiwit taun 1613-1645. Mula wis mesthi yen Imagiri dadi panggon memule kang dijujug dening para nayaka saliyane ing Toyamas. Tujuwan saka memule iki ora liya kanggo ngurmati para leluhur kang nduweni jasa kang gedhe tumrap kita lan uga nyuwun keslametan supaya ora ana kadadeyan-kadadeyan ing ora dikarepake. Memule ing Seganten Kidul kabukten saka pethikan ing ngisor iki.

Wonten ing Kitha Ageng nyipeng 2 dalu, mawi mumule nyawisi dhahar ingkang sumare ing Kitha Ageng, tuwin sajarah ing Pasareyan. Lajeng dhateng Imagiri nyipeng sadalu, ugi mawi mumule, sajarahing Pasareyan Imagiri. Sarampungipun wanci enjing bidhal dhateng Praga Brosot. Nunggil dinten angkatipun jam 2 dalu, dumugi ing dhusun Nguwaru, nyarehaken wonten Pasanggrahan sawatawis lajeng bidhal dhateng sungapaning saganten.

(SRSW: Kaca 5)

Memule ing Seganten Kidul dadi panggonan kaloro sajrone laku memule para nayaka. Beda karo memule ing Toyamas, ing Seganten Kidul iki para nayaka nyipeng rong dalu lan nyawisi dhahar minangka wujud memule. Tujuwan saka memule iki kajaba ngurmati uga nyuwun idin marang kang bau reksa ing Seganten Kidul yaiku Ratu Segara Kidul. Memule neng kene bisa uga kanggo nyuwun keslametan marang Ratu Segara Kidul. Tanpa idin saka Ratu Segara Kidul bisa dadekake bebaya marang para nayaka. Mula supaya oleh keslametan para nayakanindakake memule kasebut.

## PANUTUP

### Dudutan

Asile tintingan saka panliten iki bisa dingertenin ana telung andharan. Andharan kapisan ngenani dhesripsi naskah Riwayat Sekar Wijayakusuma. Ing andharan iki nuduhake irah-irahan naskah kang manggon ing samak naskah, banjur kahanan fisik naskah kang isih diarani apik lan wutuh. Amarga kahanan naskah iki ora mangaribawani kacethanan tulisan, jalaran tulisane isih cetha kawaca lan tulisan aksara Jawa kang ana ing naskah. Kang pungkasan sajrone andharan dhesripsi naskah yaiku ngenani isi naskah utawa sinopsis.

Andharan kaloro ngenani suntingan teks. Ing andharan iki nuduhake lelandhesan Suntingan Teks kang digawe nalika nyunting teks Serat Riwayat Sekar Wijayakusuma. Banjur asiling Suntingan Teks ditulis lan diwenehi tandha supaya gampang anggone ngertenin endi kang salah. Lan ing aparat kritik kuwi isine tembung-tembung kang luput lan diowahi miturut paugeran tartamtu. Kang pungkasan yaiku Komentar, ing kene tembung-tembung kang wis ana ing aparat kritik bakal

diwenehi komentar arupa pawadan kang dadi lelandhesan tembung kasebut diowahi.

Andharan pungkasan yaiku ngenani laku ngudi pusaka apa wae kang dilakoni dening para nayaka. laku para nayaka diwiwiti saka Toyamas nganti pulo Bandung Cilacap Jawa tengah. Laku kang ditindakake dening para nayaka kaperang dadi papat, yaiku memule, nenepi, sawur lan matrapaken agem-ageman.

### Pamrayoga

Tamtune tulisan iki ora bisa uwal saka kaluputan, saperangan tata tembunge uga isih akeh kang kurang bener lan pener. Semana uga asil andharan lan analisise kang isih adoh banget saka sipay sampurna. Leres lepat anggone panulis napsirake teges data, ora uwal saka kawinatesane panulis minangka manungsa, pramila panulis nyuwun agunging samudra pangaksami.

Pangajab saka panulis mugya tulisan iki bisa aweh mupangat kanggo pamaca anggone nyinaoni bab naskah lan ilmu kang ana sesambungane kelawan laku ngudi pusaka para nayaka kanggo netepi jejibahan marang Kanjeng Sinuhun Pakubuwana. Para pamaca bisa ndudut lan mundut piwulangan becik ngengengi nguri-uri budaya Jawa supaya tansah lestari. Ancas liyane mug-muga tulisan iki bisa dadi sumbangan literasi utawa referensi kanggo dianakake panliten-panliten naskah lawas liyane utawa panliten bab lakune para nayaka.

## KAPUSTAKAN

Afifah, Nurul. 2013. *Naskah Puspa Rinonce (Kajian Filologi)*, ([jurnalmahasiswa.unesa.ac.id/index.php/jurnalsapa/article/view/1987](http://jurnalmahasiswa.unesa.ac.id/index.php/jurnalsapa/article/view/1987)) , kaakses 8 Oktober 2018)

Alex sobur. 2006. *Semiotika Komunikasi*. Bandung : Rosdakarya.

Anonim. 2009. *Katalog Buku Terjemahan Tahun 1970 Perpustakaan Radya Pustaka Surakarta*. Museum Radya Pustaka Surakarta.

Arista, Suci 2012 Analisis jurnal makna simbolik (<http://www.academia.edu/download/2012/04/analisis-jurnal-makna-simbol-dalam.html>), kaakses 8 Oktober 2018)

Barried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF) Seksi Filologi, Fakultas Sastra Universitas Gajah Mada.

Darmawan, 2015. *Kawruh Laduni sajrone Bendhel Serat Ilasuni*. Skripsi tidak diperjual-belikan. Surabaya: UNESA.

Djamaris, Edwar. H. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV Manasco.

Geertz,Clifford.1998.*Abangan, Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Jaya

- Heny Nurul. 2015. *Naskah Tembung Kraton Kangge Para Nata Jaman Kina Dumugi Sapuniwa dalam Kajian Filologi*. (lib.unnes.ac.id/22268/1/2611410009-s. pdf), kaunduh 10 Oktober 2018)
- Kasih, Fatimah Tunjung. 2012. *Laku Nenepi di makam panembahan Senapati Kota Gedhe Jurnal Bahasa dan Seni (UNY)*, 45-70 (<http://eprints.uny.ac.id/241033/1/Fatimah%20Tanjung%20082014.pdf>, kaunduh 10 Oktober 2018)
- Kontjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Luxemburg, Jan Van dkk. 1986. Pengantar ilmu sastra. Jakarta: PT Gramedia.
- Moleong, Lexy J. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif*: edisi revisi. Bandung: Remaja Posdakarya.
- Poerwadarminta. W.J.S. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Kepatihan Danurejo, Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa
- Purnomo, Bambang S. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama: Sebuah Pengantar Ringkas*. Surabaya: Perwira Media Nusantara (PMN).
- \_\_\_\_\_. 2014. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: BINTANG Surabaya (CV Bintang).
- Pramusinta, Isnaini Ditya. 2014. *Laku Asketik sajrone Naskah Kitab Asale Manungsa*. Skripsi tidak diperjual-belikan. Surabaya: UNESA.
- Rani, Wahyu Sayoga. 2015. *Nilai Budaya ing Serat Anglingdarma Anggitane Durahkemat (Tintingan Filologi)*. Skripsi tidak diperjual-belikan. Surabaya: UNESA.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pusaka Pelajar.
- Rimawati, Ely 2011. *Nilai Budaya ing Babad Pacitan Anggitane Ganda Wardaja*. Skripsi tidak diperjual-belikan. Surabaya: UNESA. Setiawan. 2017. *Kajian Kode Bahasa Sastra dan Budaya dalam Kumpulan Cerpen Kompas2013*,(<http://journal.unpas.ac.id/index.php/literasi/article/download/421/299.pdf>, kaunduh 10 Oktober 2018)
- \_\_\_\_\_. 2009. *Etika Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pusaka Pelajar.
- Rimawati, Ely 2011. *Nilai Budaya ing Babad Pacitan Anggitane Ganda Wardaja*. Skripsi tidak diperjual-belikan. Surabaya: UNESA.
- Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodhe Penelitian Kebudayaaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sumaryono E. 1999. *Hermeneutika; Sebuah Metode Filsafat*, Yogyakarta: Kanisius
- Suwarni, Sri Wahyu Widayati. 2013. *Sastra Jawa Klasik*.Surabaya: Bintang Surabaya.
- Teeuw, Andreas. 1983. Membaca dan menilai sastra. Jakarta: PT. Gramedia.
- Kasih, Fatimah Tunjung. 2012. *Laku Nenepi di makam panembahan Senapati Kota Gedhe Jurnal Bahasa dan Seni (UNY)*,4570(<http://eprints.uny.ac.id/241033/1/Fatimah%20Tanjung%20082014.pdf>, kaunduh 10 Oktober 2018)
- Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta:Absolute